

**TRADHISI RUWATAN AGUNG TUMAPAKING LAKU SUCI WONTEN
ING GUNUNG LANANG DHUSUN BAYEMAN DESA SINDUTAN
KECAMATAN TEMON KABUPATEN KULON PROGO**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Wike Windiyarti

NIM 16205241024

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2020

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo* menika saged dipunujekaken salebeting pandadaran awit sampun pikantuk palilah dening pembimbing



Yogyakarta, 04 Juni 2020

Dosen Pembimbing,



Dr. Purwadi S.S., M.Hum.

NIP. 197109162005011001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo* menika sampun dipunandharaken wonten sangajengipun Dewan Penguji rikala tanggal 10 Juni 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Purwadi S.S.,M.Hum.	Ketua Penguji		3 Juli 2020
Avi Meilawati, S.Pd.,M.A.	Sekretaris Penguji		3 Juli 2020
Dr. Afendy Widayat, M.Phil.	Penguji Utama		3 Juli 2020

Yogyakarta, 6 Juli 2020

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
NIP 19621008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : **Wike Windiyarti**

NIM : 16205241024

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih karya ilmiah menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika boten ngewrat materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi migatosaken tata cara saha paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Ngayogyakarta, 04 Juni 2020

Panyerat,



Wike Windiyarti

SESANTI

“Ajining Dhiri Gumantung saka Lathi, Ajining Raga Gumantung saka Busana”
(Paribasan)

PISUNGSUNG

Kanthi linambaran pamuji sukur dhumateng Ngarsaning Gusti Allah Ingkang
Maha Mirah lan Welas Asih, skripsi mnika kapisungsungaken dhateng tiyang
sepuh kula Bapak Waldi kaliyan Ibu Ngatijah ingkang sampun paring
ggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, menapa dene sih katresnanan saha
pandongga dhateng panyerat.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing Ngarsaning Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun paring pangayoman, saengga karaharjan, kabegjan, saha kabagyan tansah tumanduk dhateng panyerat. Satemah skripsi kanthi irah-irahan ***“Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo”*** menika sampun rampung anggenipun nyerat. *Skripsi* menika saged mawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking kathah pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika.
3. Bapak Dr. Afendy Widayat M.Phil., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin anggen kula nyerat *skripsi* menika.
4. Bapak Dr. Purwadi S.S., M.Hum. minangka *pembimbing* ingkang sampun tlatos anggenipun paring bimbingan, piwulang, saha pandonga.
5. *Dewan penguji* sadangunipun Pandadaran Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saha pamrayogi saengga anggen kula nglampahi pandadaran menika saged katampi.
6. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng panyerat.
7. Sedaya *staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta* ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru saengga saged rancag ing sedayanipun.

8. Tiyang sepuh kula kekalih Bapak Walid kaliyan Ibu Ngatijah ingkang sampun nggulawentah kanthi katoging tenaga, beya, sih katresnan, saha pandonga dhateng panyerat.
 9. Mbakyu kula Kriswanti ingkang asring paring pandonga saha dukungan dhateng panyerat.
 10. Sahabat-sahabatku matur nuwun kangge sedaya dukunganipun, pambiyantunipun.
 11. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu, saha pandonga dhateng panyerat.
 12. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu, saha pandonga dhateng panyerat kangge nyerat *skripsi* menika.
- Temtu kemawon anggen kula nyerat *skripsi* menika dereng saged dipunwastani sampurna. Pramila sedaya pamanggih saha pamrayogi dipuntampi kanthi jembaring manah kangge sarana sampurnaning *skripsi* menika.

Ngayogyakarta, 04 Juni 2020

Panyerat



(Wike Windiyarti)

PRATELAN ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR GAMBAR	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Undheraning Prakawis	4
C. Watesaning Prakawis	5
D. Wosing Prakawis	6
E. Ancasing Panaliten	7
F. Paedahing Panaliten	8
G. Pangertosan	8
BAB II GEGARAN TEORI.....	9
A. Kabudayan	9
B. Folklor	12
C. Upacara Tradhisi	15
D. Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci	17
E. Sesajen	18
F. Makna Simbolik	19

G. Panaliten Ingkang Jumbuh	20
BAB III CARA PANALITEN	21
A. Jinising Panaliten	21
B. Sumber Data Panaliten	22
C. Caranipun Manggihaken Informan	23
D. Caranipun Ngempalaken Data	23
E. Pirantosing Panaliten	24
F. Caranipun Ngalalisis Dhata	25
G. Caranipun Ngesahaken Data	26
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	27
A. Deskripsi Setting Panaliten	27
1) Andharaning Papan Tradhisi Ruwatan	27
B. Paraga Tradhisi Ruwatan	31
C. Mila Bukanipun	35
1) Petilasan Gunung Lanang	35
2) Sumur Kencana	36
3) Nawang Wulan lan Nawang Sih	38
3) Tradhisi Ruwatan	39
D. Prosesi Lampahing Ruwatan	41
E. Kawontenanipun Makam Gunung Lanang	52
F. Nyawisaken Sesajen	58
G. Fungsi Ruwatan	64
H. Tanggepan Masarakat Panyengkuyung	65
I. Paedahipun Tradhisi Ruwatan	66
BAB V PANUTUP	69
A. Dudutan	69
B. Implikasi	71
C. Pamrayogi	72
KAPUSTAKAN	73
LAMPIRAN	74

DAFTAR TABEL

Tabel 1 Kependudukan	31
Tabel 2 Pakaryanipun Penduduk	32
Tabel 3 Tataran Pendidikan	33
Tabel 4 Sistem Religi	34

DAFTAR GAMBAR

Gambar 1 Peta Desa Sindutan	27
Gambar 2 Sasana Suksma lan Sasana Indra	28
Gambar 3 Petilasan Gunung Lanang	298
Gambar 4 Denah Bangunan Kompleks Sumur Kencana	30
Gambar 5 Mushola Al-Amin	53
Gambar 6 Purna Graha	53
Gambar 7 Tirta Kencana	54
Gambar 8 Prasasti Tugu Ajisaka	55
Gambar 9 Candi Wisuda Panitisan	55
Gambar 10 Margi saderenge mlebet sasana	56
Gambar 11 Astana Jingga	56
Gambar 12 Astana Suksma	57
Gambar 13 Ingkung	58
Gambar 14 Sekar Roncean	59
Gambar 15 Tumpeng Robyong Pethak	61
Gambar 16 Tumpeng Robyong Kuning	61
Gambar 17 Wowohan	62
Gambar 18 Ndhas Maesa	63

DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1 Catethan Lapangan Observasi	75
Lampiran 2 Catethan Lapangan Wawancara	102
Lampiran 3 Surat Pernyataan Informan	117
Lampiran 4 Surat Ijin Panaliten	121

**TRADHISI RUWATAN AGUNG TUMAPAKING LAKU SUCI WONTEN
ING GUNUNG LANANG DHUSUN BAYEMAN KECAMATAN TEMON
KABUPATEN KULON PROGO**

**Dening:
Wike Windiyarti
NIM 1205241024
SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken asal-usul wontenipun Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci, prosesi lampahing Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo, Fungsi Spiritual Ruwatan Kagem Masarakat Panyekuyung, saha Paedah Tradhisi Ruwatan ingkang kaandhut wonten ing Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonteng ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo.

Panaliten menika migunakaken metode panaliten kualitatif. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika migunakaken pengamatan langsung utawi observasi saha wawan rembag utawi wawancara. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu mawi piranti perekam, kamera foto saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis *induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi* sumber lan metode.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci menika dipunadani wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Tradhisi menika dipunadani saben malem 1 Suro. Papan menika saged paring berkah utawi wangsit. Papan menika dados papan semedi saha pados berkah. Upacara-upacara lan ritual adat menika asring dipunadani wonten ing papan menika. (2) Saderengipun nindakaken ritual menika, peserta utawi masarakat kedah nyuceaken dhiri migunaaken toya saking Tirto Kencono, amargi toya menika dipunpitadosi saged nambani lelara. Salajengipun nindakaken persiapan batin ing Sasana Jiwo kanthi donga supados dipunlindungi wektu nindakaken ritual menika. Salajengipun, peserta nindaaken semedi wonten ing Sasana Sukma. (3) Sesaji ingkang dipuncawisaken nalika Ruwatan inggih menika ingkung, sekar roncean, tumpeng robyong pethak kaliyan kuning, wowohan, ndhas maesa, lan arta logam. (4) Fungsi spiritual ruwatan kagem masarakat panyengkuyung kawontenan 2 inggih menika fungsi hiburan kaliyan wisata. (5) Paedah ingkang kaandhut wonten ing Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci inggih menika paedah spiritual kaliyan paedah sosial.

Pamijining Tembung: ***Tradhisi, Ruwatan, Gunung Lanang.***

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Nagari Indonesia gadhah kabudayan ingkang maneka warni. Kathah budaya Indonesia ingkang dipunlestunakên dening para masarakat. Budaya Jawi menika ngewrat nilai-nilai pagesangan. Maneka warni budaya Indonéeia ingkang kathah sanget wonten Tanah Jawi. Masarakat Jawi menika masarakat ingkang taksih nguri-nguri kabudayan Jawi dumugi samenika. Tuladhanipun, budaya ingkang taksih dipunlestunaken dening masarakat Jawi inggih menika pitados kaliyan para leluhur. Budaya menika dipunlestunaken wiwit jaman rumiyin dumugi samenika.

Tiyang Jawi menika pitados kaliyan para leluhuripun. Wujud pitados kaliyan leluhuripun saben dhaerah tamtunipun beda. Ing wewengkon Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupatèn Kulon Progo, wujud pitados kaliyan leluhuripun inggih menika pitados kaliyan Pasarean Leluher. Pasarean Leluher ing Dhusun Bayeman ingkang dipunpitadosi inggih menika Pasarean Gunung Lanang.

Upacara adat Jawa menika penting sanget kagem masarakat pandukung ingkang taksih nglestunaken tradhisi saha ritual leluhuripun. Upacara adat menika dipuntindakaken kagem masarakat Jawi adhedhasar kapitadosan ingkang sampun wonten ing dhirinipun piyambak.

Salah satunggaling wujud kabudayan ingkang taksih lumampah wonten ing masarakat inggih menika upacara tradhisional. Upacara tradisional inggih

menika salah satunggaling aktivitas ingkang asring dipuntindakaken ing pagesangan masarakat. Mliginipun wonten ing tanah Jawi, pagesanganipun tiyang Jawi menika mboten saged ical saking kapitadosan-kapitadosan ingkang sambet rapetipun kaliyan ngelmu kejawen. Upacara adat ingkang gayut kaliyan prastawa tartamtu kadosta Merti Dhusun, Saparan, Ruwahan, Suran, Ruwatan lan sapanunggalanipun.

Salah satunggaling upacara ingkang gayut kaliyan prastawa tartamtu inggih menika upacara tradhisi Ruwatan. Tradhisi Ruwatan menika mujudaken salah satunggaling wujud tradhisi wilujengan ingkang taksih dipuntindakaken dening masarakat Jawa khususipun wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo ing wulan Sura. Masarakat Jawi gadhah kapitadosan bilih wulan Sura wonten ing penanggalan Jawi menika ateges purwakaning wulan wonten ing tahun Jawa. Ingkang menika wonten ing wulan Sura, masarakat pitados bilih lumebetipun warsa enggal menika saged dipunginakaken kangge *introspeksi* dhiri pribadinipun tiyang. Sanesipun, masarakat Jawi pitados bilih ing warsa enggal menika saged ugi kangge sarana panyuwunan kawilujengan, katentreman lan gancar ing pagesangan. Warga masarakat taksih netepi menapa ingkang dados wewaleripun para pinisepuh jaman rumiyin, saperangan ageng warga masarakat taksih nglampahi wontenipun tradhisi ruwatan menika kanthi saestu.

Wonten ing Gunung Lanang ingkang dumunung ing Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika saben malem tanggal 1 Sura dipunadani Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci. Tradhisi Ruwatan

menika dipunadani dening satunggaling paguyuban inggih menika Paguyuban Kadang Gunung Lanang (PKGL) ingkang makarya sesarengan kaliyan warga masarakat Dhusun Bayeman. Tradhisi Ruwatan ingkang dipunadani wonten ing Gunung Lanang menika mujudaken satunggaling fenomena sosial budaya ingkang sae. Wonten ing jaman ingkang modern kados ing titiwanci wekdal menika, saperangan ageng masarakat Jawi taksih wonten ingkang pitados dhateng fenomena-fenomena alam saha wontenipun jin, setan menapa dene roh-roh leluhur minangka kawulaning Gusti sanesipun.

Saderengipun nindakaken ritual Ruwatan menika, peserta utawi masarakat kedah nyuceaken dhiri migunaaken toya saking Tirta Kencono, amargi toya menika dipunpitadosi saged nambani lelara. Salajengipun nindakaken persiapan bathin ing Sasana Jiwo kanthi donga supados dipunlindungi wektu nindakaken ritual menika. Salajengipun, peserta nindaaken semedi wonten ing Sasana Sukma.

Panaliti mendhet bahan kajian panaliten babagan Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci ingkang kalampahan ing Gunung Lanang menika, awit fenomena budaya ingkang sae, taksih lumampah wonten ing dhaerah menika. Kejawi saking menika, panaliten ingkang ngrembag babagan Tradhisi Ruwatan ing Gunung Lanang dereng nate dipungarap.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil menika kapanggihaken prakawis-prakawis ingkang prelu dipunrembag. Wondene prakawis-prakawis ingkang prelu dipunrembag menika dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Mila Bukanipun Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
2. Prosesi lampahing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
3. Sesaji ingkang dipuncawisaken nalika badhe nindakaken prosesi lampahing tradisi ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
4. Fungsi spiritual ruwatan kagem masarakat wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
5. Paedah ingkang kaandhut ing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil, prakawis ing panaliten menika kedah dipunwatesi supados panaliten menika boten medal saking ancasipun panaliten. Watesaning prakawis ing panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Mila bukanipun Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
2. Prosesi lampahing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

3. Sesaji ingkang dipuncawisaken nalika badhe nindakaken prosesi lampahing tradisi ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
4. Fungsi spiritual ruwatan kagem masarakat wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
5. Paedah ingkang kaandhut ing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

D. Wosing Prakawis

Tradhisi Ruwatan ingkang dipunadani wonten ing Gunung Lanang, Dusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika kalampahan saben malem surya kaping setunggal Sura. Tradhisi menika mujudaken salah satunggaling upacara rutin taunan ingkang dipunadani wonten ing Petilasan Gunung Lanang kasebat. Upacara tradhisi menika dipuntindakaken dening warga masarakat Dusun Bayeman ingkang makarya sesarengan kaliyan Paguyuban Kadang Gunung Lanang. Prosesi tradhisi ruwatan menika kalampahan kanthi awujud siraman lan pangkas rikma kalajengaken manengku puja wonten ing Petilasan Gunung Lanang sarta labuhan sesaji.

Tradhisi Ruwatan menika nggadhahi ancas kangge *introspeksi* diri tuwin sarana panyuwunan kawilujengan anggenipun nglampahi pagesangan ing ngalam donya menika. Wonten ing upacara tradhisi Ruwatan menika migunakaken maneka warni sesaji-sesaji ingkang dipuncawisaken. Lumampahing upacara

tradhisi menika tamtu kemawon nggadhahi paedah-paedah tumrap warga masarakat panyengkuyung, pramila upacara menika taksih rutin dipuntindakaken.

Kanthi adhedhasar perkawis-perkawis ingkang sampun sinebat wonten ing nginggil menika, wondene wosing prakawis ing panaliten menika katetepaken kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi mila bukanipun upacara tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci ing Petilasan Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo?
2. Kadospundi prosesi lumampahing upacara tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci ing Petilasan Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo?
3. Menapa kemawon sesaji ingkang dipuncawisaken nalika badhe nindakaken prosesi lampahing tradisi ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo?
4. Menapa kemawon fungsi spiritual ruwatan kagem masarakat wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo?
5. Menapa kemawon paedah ingkang kaandhut ing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo?

E. Ancasing Panaliten

Inkang dados ancasing panaliten wonten ing panaliten Upacara Tradhisi Suran wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo inggih menika.

1. Ngandharaken mila bukanipun wontenipun tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
2. Ngandharaken prosesi lampahing tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
3. Ngandharaken sesaji ingkang dipuncawisaken nalika badhe nindakaken prosesi lampahing tradisi ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
4. Ngandharaken fungsi spiritual ruwatan kagem masarakat wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
5. NGandharaken paedah ingkang kaandhut tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika dipunajab supados saged paring mupangat ingkang sae, menika *teoritis* menapa dene *praktis*.

1. Teoritis

Kaangkah supados saged nambahi seserepan-seserepan ing babagan wawasan lan pengetahuan kabudayan, mliginipun ing babagan Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci.

2. *Praktis*

Panaliten menika kaangkah supados saged nyukani *informasi* dhateng masarakat sakiwa tengenipun babagan kawontenan Upacara Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

G. Pangertosan

Irah-irahan panaliten menika “*Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo*”. Kangge njumbuhaken pamikiran dhateng irah-irahan menika, badhe dipunandharaken babagan *konsep* wonten ing ngandhap menika:

1. Tradhisi inggih menika salah satunggaling *kebiasaan* ingkang dipuntindakaken kaliyan masarakat kanthi turun-temurun, dipunpitadosi nggadahi *nilai kebenaran* publik.
2. Ruwatan inggih menika salah satunggaling jinising upacara suci ingkang dipunginaaken masarakat Jawi ingkang taksih pitados bab budaya kuna menika. (Soetarno, 2005: 104-105).
3. Miturut Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua (2011:6) ngandharaken bilih agung inggih menika gedhe; luhur.
4. Laku inggih menika ritual. Suci miturut Bausastra Jawa (2011:682) inggih menika resik, ora dosa, kramat. Dados Tumapaking Laku Suci inggih menika ritual ingkang resik ingkang dipuntindakaken dening masarakat Jawi.

BAB II

GEGARAN TEORI

1. Kabudayan

Kabudayan inggih menika budi kaliyan daya ingkang sampun rumaket dening masarakat. Kabudayan menika boten saged pejah saking masarakat. Masarakat menika taksih pitados kaliyan kabudayanipun, amargi kabudayan menika turun-temurun saking leluhur jaman rumiyin ngantos samenika.

Miturut Koentjaraningrat (2009:144), ngandharaken bilih kabudayan menika mujudaken sedaya sistem gagasan, tindakan lan asil rumpakaning manungsa wonten ing pagesanganipun ingkang sampun dados gadhahanipun masarakat. Tembung “Budaya” asalipun saking tembung Sansekerta “*Buddhayah*”, inggih menika wujud jamak saking tembung “*buddhi*” ingkang ateges budi utawi akal Awit saking menika, pramila tembung kabudayan saged dipuntegesi menapa kemawon ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan akal utawi budining manungsa.

Budaya inggih menika pikiran utawi akal budi, adat istiadat ingkang sampun dados pakulinan lan sampun angel dipunewahi. Wondene kabudayan tegesipun sedaya pangertosanipun manungsa minangka makhluk sosial ingkang dipunginakaken kangge *mahami* lingkungan sakiwa tengenipun sarta tindak tandukipun ing lampahing pagesangan, tuladhanipun inggih menika asiling kagiyatan lan *penciptaan* batin (akal utawi budi) manungsa kados dene kapitadosan, kesenian lan adat istiadat (KBBI, 2008 : 214-215).

Koentjaraningrat (2009 : 165), ngandharaken bilih kabudayan anggadhahi pitung unsur ingkang sampun nyakup sedaya kabudayaning manungsa. Unsur-unsuring kabudayan kasebat inggih menika :

1. *Bahasa*
2. *Sistem pengetahuan,*
3. *Organisasi sosial,*
4. *Sistem peralatan hidup dan teknologi,*
5. *Sistem mata pencaharian hidup,*
6. *Sistem religi,*
7. *Kesenian.*

Koentjaraningrat (2009 : 150) ugi ngandharaken bilih kabudayan menika nggadhahi tigang wujud. Wujud kabudayan kasebat kados ing ngandhap menika.

1. *Wujud kebudayaan sebagai suatu kompleks dari ide, gagasan, nilai, norma, peraturan dan sebagainya,*
2. *Wujud kebudayaan sebagai suatu kompleks aktivitas serta tindakan berpola dari manusia dalam masyarakat,*
3. *Wujud kebudayaan sebagai benda-benda hasil karya manusia.*

Saking pangertosan ing nginggil menika saged dipunpendhet bilih kabudayan mujudaken asil budi lan dayaning manungsa ingkang wujudipun saking salebeting sistem, gagasan, tindakan lan asiling manungsa ing salebeting pagesangan masarakat ingkang awujud asil kagiyatan lan *penciptaan* batin manungsa.

Saben kabudayan temtunipun gadhah wujud ingkang beda lan gadhah ciri piyambak antawisipun kabudayan setunggal lan sanesipun. Wujud kabudayan miturut J. J. Hoenigman lumantar Koentjaraningrat (2000 :186) inggih menika:

- 1) *Wujud kabudayan abstrak inggih menika wujud kabudayan ingkang boten saged dipunfoto. Papan pannggenan kabudayan menika inggih wonten salebeting pikiran warga masarakat sakiwa tengenipun. Ide utawi gagasan saged ugi manggen wonten ing seratan utawi buku asil karyaning para panyerat.*
- 2) *Wujud kabudayan sistem sosial inggih menika wujud kabudayan ingkang gegayutan kaliyan tindak tanduking masarakat. Sistem sosial menika kadadosan saking aktivitas tiyang gesang ingkang ngawontenaken interaksi, pasrawungan saben wekdal. Sistem sosial menika wujudipun konkret wonten ing pagesangan masarakat saben dinten, saged dipuntaliti, dipunfoto.*
- 3) *Wujud kabudayan fisik utawi artefak inggih menika wujud kabudayan ingkang cetha sanget. Dipunandharaken kanthi cetha amargi awujud sedaya asil fisik, aktivitas lan karyaning tiyang gesang. Wujud kabudayan menika dipunsebat langkung konkret, awujud piranti ingkang saged dipunfoto utawi dipundamel dokumentasi. Wujud kabudayan menika saged awujud perkawis ingkang ageng kadosta pabrik, gedung sekolah, candi-candi lan sapanunggalanipun. Ugi saged perkawis ingkang alit, kadosta rasukan, manik-manik, lan sapanunggalanipun.*

2. Folklor

Miturut Danandjaja (1994 : 21), tembung *folklor* menika kapethik saking basa Inggris *folklore* ingkang kadhapuk saking tembung *folk* kaliyan *lore*. Tembung *folk* ateges kolektif utawi *kebersamaan*, *folk* saged ugi dipuntegesi minangka satunggaling kelompok tiyang ingkang nggadhahi pengenalan fisik, sosial lan kabudayan. Titikan pengenalan kasebat saged awujud werni kulit ingkang sami, wujud rikma ingkang sami, jinising pakaryan ingkang sami, basa ingkang sami, tataran pendidikan ingkang sami menapa dene agami ingkang sami. Wondene tembung *lore* inggih menika tradhisi *folk* ingkang ateges peranan kabudayan ingkang dipunwarisaken turun-temurun lumantar lisan menapa dene satunggaling tuladha ingkang mawi gerak isyarat menapa dene piranti bantu. Dados tembung folklor saged dipuntegesi minangka peranan kabudayan satunggaling *kolektif* ingkang sumebar lan dipunwarisaken turun-temurun kanthi cara tradhisional.

Folklor nggadhahi titikan-titikan ingkang saged mbedakaken ing antawisipun folklor kaliyan jinising kabudayan sanesipun. Titikan-titikan kasebat miturut Suwardi Endraswara (2010:04), inggih menika:

1. *Penyebaran* saha *pewarisanipun* mawi lesan, inggih menika dipunsebaraken mawi gethok tular utawi saking tiyang satunggal dhateng tiyang sanesnipun.
2. *Folklor* asifat *tradisional*, inggih menika dipunsebaraken kanthi *bentuk relatif tetap* utawi *bentuk standar*. Kejawi makaten ugi dipunsebaraken ing *kolektif* tartamtu wonten ing wekdal ingkang sawetawis dangu (paling boten 2 generasi).

3. *Folklor exist* wonten ing *versi-versi* ugi *varian-varian* ingkang beda. Kawontenan menika dipunjalari dening *cara penyebaran* mawi lesan, biasanipun boten mawi *cetakan* utawi *rekaman*, satemah wontenipun *proses interpolasi (lupa diri)*, njalari *folklor* gampil ewah, ananging ingkang ewah menika namung njawinipun dene wosipun tetep sami.
4. *Folklor* asifat *anonim*, inggih menika asma pangriptanipun sampun boten dipunmangertosi tiyang malih.
5. *Folklor* biasanipun gadhah *bentuk berumus* utawi *berpola*.
6. *Folklor* gadhah *kegunaan* wonten ing pagesanging *kolektif* tartamtu.
7. *Folklor* asifat *pralogis*, inggih menika gadhah *logika* piyambak ingkang beda kaliyan *logika* umumipun. Titikan menika namung kangge *folklor* lesan saha saperangan lesan kemawon.
8. *Folklor* menika dados gadhahanipun *kolektif* tartamtu.
9. *Folklor* umumipun asifat polos saha lugu, satemah asring katingal kasar saha spontan.

Miturut Brunvand (Hutomo, 1991:8) folklor Jawi menika gadhah genre. Wujud folklor menika wonten tiga inggih menika 1) *Folklor lisan (verbal folklore)*, 2) *Folklor sebagian lisan (partly verbal folklore)*, 3) *Folklor bukan lisan (non verbal folklore)*.

Folklor lisan inggih menika folklor ingkang wujudipun murni lisan. Wujuding folklor ingkang kalebet ing golongan folklor lisan inggih menika, a) Basanipun rakyat (*folk speech*) kados dene logat; b) *Ungkapan* tradhisional, kados dene paribasan, bebasan lan saloka ; c) Pranyatan tradhisional, kados dene uthak-

uthik tembung utawi teka-teki silang ; d) Puisi rakyat, kados dene geguritan, wangsalan, cangkriman ; e) carita prosa, kados dene mite, dongeng, legenda; lan f) Tembang rakyat.

Folklor ingkang saperangan lisan inggih menika folklor ingkang mujudaken campuran unsur lisan kaliyan unsur boten lisan. Tuladhanipun folklor golongan menika kados dene dolanan rakyat, *teater* rakyat, adat istiadat, upacara, pesta rakyat lan sapanunggalanipun. Wondene folklor ingkang sanes lisan inggih menika folklor ingkang wujudipun sanes lisan, anggenipun damel dipunaturaken kanthi lisan. Folklor menika dipunperang dados werni kalih kelompok, inggih menika *material* lan sanes *material*. Wujuding folklor ingkang kalebet ing kelompok *material* kados dene arsitektur rakyat, kerajinan tangan rakyat, busana, unjukan rakyat sarta jampi-jampi tradhisional. Wondene ingkang kalebet ing kelompok sanes *material* inggih menika gerak isyarat tradhisional (*gesture*), unen-unen isyarat kangge sesambetanipun rakyat lan musik rakyat.

Saking andharan wonten ing nginggil, pramila saged dipunmangertosi bilih folklor mujudaken peranan pagesanganipun masarakat lan nggadhahi paedah kangge nyengkuyung maneka warnining kagiyatan ing lingkungan masarakat. Salah satunggaling kagiyatan ing pagesanganipun masarakat kasebat inggih menika upacara tradhisi. Mila saking menika kalenggahan utawi paedah folklor ingkang sampun dados peranan saking pagesanganipun masarakat kasebat saged dipuntingali ing salebetipun upacara tradhisi Ruwatan. Upacara tradhisi menika ngalami ewah-ewahan selaras kaliyan ewah gingsiring jaman. Awit saking menika

dipunkajengaken supados nilai-nilai kasebat tetep dipunjagi lan dipunlestantunaken.

3. Upacara Tradhisi

Miturut KBBI (2005:620), ingkang dipunkajengaken saking tembung upacara inggih menika tindakan/perayaan ingkang dipuntindakaken jalaran prastawa ingkang wigati. Miturut Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua, tradhisi inggih menika adat run-temurun.

Fungsi upacara tradhisional miturut Rosiyati (1994:5) kagem masarakat panyengkuyung ing jaman samenika inggih menika:

- 1) Fungsi *spiritual*, amargi wonten lelampahan upacara tradhisional asring dipungayutaken kaliyan sesembahan manungsa kangge nyuwun kaslametan dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos, roh, utawi leluhuripun.
- 2) Fungsi *sosial*, amargi upacara tradhisional saged dipunginaaken kangge sarana *interaksi*, *komunikasi* antawis masarakatipun. Wonten ing upacara menika ugi wonten kenduri, tirakatan, saha rewangan ingkang nuwuhaken raos sesarengan, saha saged kangge sarana *komunikasi* antawisipun masarakat panyengkuyung.
- 3) Fungsi *pariwisata*, amargi upacara tradhisional saged kangge *pengembangan pariwisata*. Prastawa menika saged katingal ing upacara grebeg Maulud ingkang sejatosipun upacara menika asipat *keagamaan* ananging ing jaman samenika dados suguhan wisata.

Upacara tradhisional mujudaken wujud kabudayan ingkang arupi tindakan utawi *aktifitas* ingkang sampun dipunatur dening tata nilai luhur sarta

dipunwarisaken turun-temurun. Wontenipun ritual, wilujengan utawi upacara kados mekaten menika mujudaken satunggaling upaya saking manungsa kangge pados kawilujengan, katentreman, utawi saged dipunsebat pados kaberkahan/wangsit. Ing masarakat Jawi, makam menapa dene petilasan ingkang dipunanggep papan ingkang suci saha kramat utawi kedah dipunkormati inggih menika makam utawi petilasanipun paraga-paraga ingkang misuwur wonten ing masarakat Jawi. Papan-papan ingkang dipunginaaken kangge nindakaken ruwatan biasanipun papan ingkang dipunanggep keramat saha nggadahi kekuatan ghaib. Gunung Lanang menika dipunanggep kramat, pramila Petilasan Gunung Lanang dumugi samenika taksih *aktif* kangge nindakaken ruwatan.

Miturut pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, mila saged dipunpendhet dudutanipun bilih upacara tradhisi menika mujudaken satunggaling upacara ritual ingkang dipuntindakaken dening masarakat adhedhasar paugeran-paugeran ingkang lumampah ing salebeting masarakat kasebat sarta nggadahi ancas kangge nggayuh kawilujengan.

4. Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci

Miturut etimologis tembung ruwatan menika asaling saking basa Jawa ‘luwar’ saking panandhang, luwar saking wewujudan ingkang lepat (Poerwadaminto, 1939:534) ingkang tegesipun bebas saking *penderitaan*, bebas saking wujud ingkang lepat.

Ruwatan menika dipunsebat Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci. Ingkang dipunadani wonten ing Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo lan tradhisi menika dipunadani saben malem 1 Sura

wonten ing Petilasan Gunung Lanang. Kamajaya (1992 : 6), ngandharaken bilih Ruwatan inggih menika tradhisi warsa enggal Jawi kangge mengeti utawi nyambut warsa enggal 1 Sura. Tiyang Jawi ngormati lan nyambut warsa enggalipun kanthi maneka warni laku ingkang awujud kaprihatosan, amargi Ruwatan mujudaken salah satunggaling upacara ingkang kramat tumraping kapitadosan tiyang Jawi. Sura lumebet ing penanggalan Jawa ingkang dipunsebat Kalender Jawa mujudaken purwakaning wulan ing kalender kasebat. Kamajaya (1992 : 82) ugi ngandharaken bilih masarakat Jawi mengeti 1 Sura minangka warsa enggalipun. Caranipun mengeti inggih menika kanthi maneka warni, ingkang antawisipun: siyam, semedi, kempal ing pasareyan menapa dene papan-papan ingkang kramat lan sapanunggalanipun kanthi wilujengan, lek-lekan lan sanesipun.

Bratawidjaja (2000: 82), ugi ngandharaken bilih sinten kemawon ingkang nindakaken upacara wilujengan wulan kangge sesembahan kanthi ikhlas, tiyang menika badhe pikantuk kawilujengan sae ing donya. Kejawi saking menika tiyang kasebat badhe pikantuk kanugrahan saking ngarsa dalem Allah SWT ingkang awujud gampil anggenipun pados rejeki, dipuntebihaken saking godha rencana lan dipunparingi kaluhuran ing drajatipun.

Saking andharan pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil menika, pramila saged dipunpendhet dudutanipun bilih wulan Sura menika mujudaken wulan ingkang sae sanget kangge sarana ngraketaken dhateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos kanthi ngawontenaken wilujengan wulan supados pinaringan kawilujengan, katentreman lan barokah saking ngersaning Gusti. Pramila wonten

ing wulan Sura menika Paguyuban Kadang Gunung Lanang ingkang makarya sesarengan kaliyan warga masarakat Dhusun Bayeman rutin ngawontenaken tradhisi Ruwatan ingkang dipunsebat Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci. Kanthi ngawontenaken tradhisi Ruwatan menika, masarakat panyengkuyung rumaos pinaringan kawilujengan, kabagyan lan katentreman ing pagesanganipun.

5. Sesajen

Sesajen saking tembung se+saji+an. Tembung se tegesipun inggih menika satunggal lan tembung saji menika tegesipun nyuguhaken. Dados sesaji menika salah satunggaling sesembahaning miturut adat minangka kasaguhan kangge mlampahaken adicara tartamtu.

Miturut Kamajaya lumatar Suryadi, (2000:17) sesaji tegesipun sesembahan wonten upacara keagamaan ingkang dipunlampahi kanthi *simbolis* ingkang ancasipun *komunikasi* kaliyan kekiyatan ghaib.

Miturut Kamus Basa Jawa(Bausastra Jawa), sajen inggih menika apa-apa sing disajekake (lumrahe awujud kembang, menyan, lsp). Sesaji wonten ing *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2005: 484) tegesipun dhaharan utawi sekar ingkang dipunsukeaken dhateng *makhluk halus*.

Ancasipun sesajen inggih menika kangge nyengkuyung kapitadosan masarakat dhateng kawontenanipun *makhluk halus, lelembut, demit, jin* ingkang wonten ing papan tartamtu, tuladhanipun wit ringit utawi wit ageng ingkang yuswanipun sampun sepuh, *sendang*, pasarean, lan papan ingkang dipunanggep *angker* supados boten ganggu kaslametan, saha katentreman, utawi kangge nyuwun berkah saking sing *mbahureksa*.

Sesajen wonten masarakat Jawi sejatosipun inggih menika lambang pepinginan masarakat ingkang nindakaken ritual dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos supados sedaya pepinginan menika saged kajibahan. Saben jinis unsur, sesajen gadhah makna tartamtu minangka raos pepinginan kangge ngasilaken panyuwunan dhumateng Gusti. Satunggal jinis unsur sesajen dipuntegesi kanthi cara maos lambang jinis sajen ingkang dipunwujudaken. Tuladhanipun, unsur sajen ingkang arupi dupa minangka lambang panyuwunan dhumateng Gusti, supados donga utawi pepinginanipun saged kajibahan.

6. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten ingkang selaras kaliyan panaliten Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten Titis Bayu Noto ing salebetipun panyeratan *Tugas Akhir Skripsi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta*, taun 2013 kanthi irah-irahan “*Upacara Tradhisi Suran Wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo*”. Panaliten kasebat nggadhahi ancas kangge ngandharaken asal-usul tradhisi Suran ing Petilasan Gunung Lanang, prosesi ritual Suran ing Gunung Lanang, nilai filosofi ingkang kaandhut wonten ing tradhisi Suran.

Panaliten babagan “Upacara Tradhisi Suran Wonten ing Petilasan Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo” menika nggadhahi relevansi kaliyan panaliten Tradhisi Ruwatan Agung

Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Dusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Relevansipun inggih menika sami-sami neliti setting papanipun inggih menika wonten ing Gunung Lanang, Dusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

Ananging ugi wonten bedanipun antawisipun panaliten menika kaliyan panaliten Titis Bayu Noto. Bedanipun kaliyan panaliten menika inggih *fokus* panaliten. Panalitenipun Titis Bayu Noto ngrembag bab upacara tradhisi Suran, menawi panaliten kanthi irah-irahan “*Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang Dusun Bayeman Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo*” ngrembag bab Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci. Panalitenipun Mas Titis Bayu menika namung ngrembag babagan Tradhisi Suran kemawon ananging panaliten kula namung ngrembag bab Ruwatan kemawon. Dados wekdal Mas Titis panaliten menika wiwit enjing dumugi sonten. Menawi kula wiwit sonten dumugi ndalu.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang, Dusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika kalebet jinising panaliten *kualitatif*. Miturut Denzim saha Lincoln (lumantar Endraswara, 2006: 86), panaliten kualitatif inggih menika panaliten ingkang ngandharaken fenomena kabudayan. Wonten ing panaliten menika panaliti nindakaken panaliten langsung ing papan Gunung lanang wonten ing Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulonprogo. Panaliten kualitatif menika tetembungan-tetembungan ingkang awujud *data* ingkang dipunkajengaken. Ancasipun, supados panaliti saged mangertosi saha manggihaken data *deskriptif* ingkang saged kangge mangsuli perkawis wonten ing panaliten menika.

Wonten ing panaliten *kualitatif* menika informasi ingkang kapendhet kanthi ngawontenaken wawan pirembagan (*wawancara*) kanthi tetembungan-tetembungan ingkang awujud *data*, saengga paneliti kedah langsung wonten ing papan ingkang dipuntaliti kangge mendhet *data-data* ingkang dipunkajengaken. Panaliten ingkang migunakaken cara *kualitatif* menika, ing pangajab supados saged paring gambaran-gambaran ingkang cetha ngenani lampahing Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci wonten ing Gunung Lanang menika, saha saged mangertosi prosesi lampahing upacara menika kanthi saestu.

B. Sumber *Data* Panaliten

Sumber *data* utama wonten ing panaliten kualitatif inggih menika tembung-tembung saha tumindak, ingkang lakunipun inggih menika awujud *data*. Ingkang dados sumber *data* panaliten inggih menika informan, ateges tiyang-tiyang ingkang nderek lan nggadhahi pangertosan babagan Tradhisi Ruwatan ingkang dipuntindakaken ing Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Sumber *data* ingkang dipunkajengaken inggih menika objek ingkang dumunung ing Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo lan ugi Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo.

Katrangan informasinipun menika wawan rembag kaliyan tiyang-tiyang ingkang sampun mangertos sanget babagan tradhisi Ruwatan menika. Ing ngandhap menika daftar informan ingkang badhe dipunwawan rembag ngengingi tradhisi menika.

No	Nama	Yuswa	Katrangan	Alamat
1.	Suwasono	65 Taun	Warga Masarakat	Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo
2.	Muhdi	65 Taun	Juru Kunci	Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo
3.	Siti Winarsih	40 Tahun	Warga Masarakat	Dhusun Palihan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
4.	Mujirah	65 Taun	Warga Masarakat	Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo

Data wonten ing panaliten inggih menika ngengingi mula bukanipun tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci, prosesi lampahing Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci, sesaji ingkang dipuncawisaken nalika Ruwatan, fungsi spiritual ruwatan kangge masarakat panyengkuyung, saha paedah nindakaken tradhisi menika.

C. Caranipun Manggihaken Informan

Manggihaken informan kanthi cara metode acak kaliyan informan. Informan inggih menika satunggaling tiyang ingkang nggadhahi seserepan lan pengalaman ingkang jangkep ngengingi upacara tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci menika, ugi saged paring informasi-informasi lumantar pirembagan saengga saged manggihaken *data* ingkang akurat. *Data* ingkang akurat wonten ing salebetipun panaliten inggih menika *data* saking sesepuh Paguyuban Kadang Gunung Lanang, wondene informan sanesipun inggih menika juru kunci wonten ing Gunung Lanang, warga Paguyuban Kadang Gunung Lanang, warga masarakat Dhusun Bayeman.

Informan-informan menika mujudaken tiyang-tiyang ingkang nggadhahi informasi ing salebeting upacara tradhisi Ruwatan. Sesepuh Paguyuban Kadang Gunung Lanang dipundadosaken *subjek*, amargi sesepuh menika minangka tiyang ingkang nyepuhi lampahing upacara tradhisi Ruwatan kasebat, saengga kaanggep paham lan mangertosi kanthi jangkep babagan upacara tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci menika.

D. Caranipun Ngempalaken Dhata

Caranipun ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten, inggih menika pengamatan langsung lan wawan rembag.

1) Pengamatan Langsung

Cara panaliten menika dipunlampahi kanthi ngawontenaken *observasi*. Dipuntindakaken kanthi *pengamatan langsung* wonten ing wewengkon Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Cara menika nggadhahi ancas supados pikantuk *data primer* ingkang dipunpendhet langsung saking papan menika.

2) Wawan Rembag utawi Wawancara

Cara menika panaliti ngawontenaken *wawancara* kaliyan tiyang-tiyang ingkang kaanggep saged paring *informasi* ingkang dipunbetahaken, inggih menika saking informan juru kunci, salajengipun dipunlajengaken dhateng *informan-informan* sanesipun ingkang jumbuh kaliyan perkawis ingkang badhe dipuntaliti. *Wawancara* menika jinis *wawancara tertutup* saha *informal* inggih menika kalampahan kanthi cara sowan dhateng para sesepuh ugi masarakat wewengkon Gunung Lanang Dhusun Bayeman ingkang samangke dados *subyek* panaliten ugi sumber *data* ananging boten ngangge surat ijin. Saderengipun *wawancara* dipunlampahi, panaliti sampun nyamektakaken pitakenan ingkang badhe dipunsuwunaken pirsá dhateng *narsasumber*. Pitakenanipun kedah cetha, supados angsal *data* ingkang *valid*.

E. Pirantosing Panaliten

Anggenipun pados *data* ngengingi Tradhisi Ruwatan menika migunakaken satunggaling piranti saperlu kangge mbiyantu pados *data* ingkang akurat, piranti menika dipunsebat *instrument* panaliten. *Instrument* inggih menika piranti ingkang dipunginakaken kangge mahyakaken *data* panaliten. Ingkang dados instrument panaliten inggih menika panaliti piyambak, amargi panaliti *terjun langsung* wonten ing tradhisi menika. Panaliti mendhet *data* migunakaken piranti kangge mbiyantu panaliten.

Piranti-piranti kasebat kados ing ngandhap menika.

1. Kamera foto, kangge mendhet gambar-gambar/foto ingkang ana ing Gunung Lanang menika..
2. Voice recorder, kangge ngrekam nalika ngawontenaken wawan rembag kaliyan para informan.
3. Buku cathetan, kangge nyathet menapa kemawon ingkang dipunpanggihaken, awujud cathetan observasi menapa dene cathetan wawan rembag.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Teknik anggenipun ngesahaken *data* supados *absah* inggih menika migunaaken *triangulasi*. Miturut Sugiyono (2011: 241) *triangulasi* dipuntegesi minangka *teknik* ngempalaken *data* ingkang asifat nggabungaken *data* saking mapinten-pinten *teknik* ngempalaken *data* saha sumber ingkang sampun wonten.

Triangulasi ingkang dipunginakaken dening panaliti ing panaliten menika *triangulasi metode* saha *triangulasi sumber*. Panaliti migunaaken *observasi*,

wawancara kangge *sumber data* ingkang sami kanthi sesarengan. *Triangulasi sumber* inggih menika kangge pikantuk *data* saking sumber ingkang beda-beda kanthi *teknik* ingkang sami (Sugiyono, 2011: 241). Wonten ing panaliten menika, *triangulasi sumber* dipuntindakaken kanthi nandhingaken menapa ingkang dipunaturaken informan setunggal lan sanesipun ing salebetipun pirembagan. Wondene *triangulasi metode* dipuntindakaken kanthi cara nandhingaken dhata ingkang awujud dokumentasi kaliyan asiling wawan rembag utawi rekaman.

G. Caranipun Nganalisis Data

Cara ingkang dipunginakaken dening panaliti kangge nganalisis *data* ing panaliten menika kanthi *cara induktif*. *Analisis induktif* inggih menika *analisis* adhedhasar *data* ingkang dipunprangguli dipunlajengaken dados *hipotesis* (Sugiyono, 2011: 245). *Analisis* menika gadhah ancas kangge nambahi seserepan ingkang jumbuh lumantar proses *unitisasi* saha *kategorisasi*. Dados, *data* ingkang badhe dipun-*analisis* menika saged kapendhet saking asiling wawancara, *pengamatan* ingkang sampun dipunlampahi dening panaliti saderengipun. Tuladhanipun inggih menika *data* ingkang sampun dipunprangguli saking para *informan* dipundadosaken satunggal lajeng dipunpantha-pantha miturut *katerogi*-nipun. Kados miturut mula bukanipun ruwatan, proses lampahing ruwatan, sesaji ruwatan, fungsi spiritual ruwatan, saha paedah saking ruwatan.

Lampahing analisis dipunwiwiti kanthi *nelaah* dhata jumbuh kaliyan wosing perkawis ingkang sampun cumawis saking observasi saha wawan rembag ingkang sampun dipunserat wonten ing cathetan lapangan, gambar.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Deskripsi Setting Panaliten

Papan Panaliten : Gunung Lanang Bayeman Sindutan Temon Kulon Progo.

Wekdal Panaliten : 31 Agustus 2019. Wawan Rembag : 23 Desember 2019

Swasana Panaliten: Sepi

1. Andharaning Papan Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci

Desa Sindutan mujudaken salah satunggaling desa ingkang dumunung ing sisih kulon piyambak wewengkon kabupaten Kulon Progo. Desa Sindutan menika kalebet tlatah Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Tebihipun saking pusat pemerintah kecamatan kirang langkung 3 km, dene saking pusat pemerintah kabupaten kirang langkung 12 km. Desa Sindutan menika wiyaripun 295. 4210 m², kanthi cacahing penduduk wonten 3.450 jiwa ingkang kaperang dados 1.360 piyantun jaler lan 1.487 piyantun estri sarta cacahing kertu keluarga wonten 856.

Wates wilayah Desa Sindutan inggih menika :

Sisih Ler : Desa Karang Wuluh


Sisih Kidul : Pantai Glagah

Sisih Kilen : Desa Jangkar lan wewengkon Provinsi Jawa Tengah

Sisih Wetan : Desa Palihan

Miturut cathetan *administratif*, Desa Sindutan mujudaken salah satunggaling Desa ing Kecamatan Temon ingkang kaperang dados 7 Dhusun, inggih menika Dhusun Bayeman, Dhusun Glaheng, Dhusun Dhukuh, Dhusun Sindutan A, Dhusun Sindutan B, Dhusun Panginan, lan Dhusun Plempukan.

Ing ngandhap menika gambar peta Desa Sindutan.



Gambar 01. Peta Desa Sindutan

Tradhisi Ruwatan menika dipuntindakaken wonten ing Petilasan Gunung Lanang ingkang papanipun wonten ing Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Petilasan Gunung Lanang menika awujud gumuk pasir kirang langkung wiyaripun 1 hektar ingkang dipunbangun trap-trapan pitung tingkatan. Wonten ing puseripun petilasan menika awujud tugu ingkang dipunsebat Sasana Sukma. Tugu Sasana Sukma menika dipunubengi bangunan tembok *segi lima* majeng mangidul ingkang dipunsebat Sasana Indra. Wonten ing tradhisi Ruwatan papan petilasan menika dipunginakaken kangge pinuwunan dening para pasarta ruwatan. Sasampunipun nindakaken prosesi siraman, pasarta ruwatan minggah ing pusering petilasan kasebat kangge nindakaken pinuwunan dhateng ngarsanipun Gusti awit sedaya ingkang dipunkajengaken. Ing ngandhap menika gambar Petilasan Gunung Lanang.



Gambar 02. Sasana Suksma lan Sasana Indra (Dok. Wike)




Gambar 03. Petilasan Gunung Lanang (Dok. Wike)

Wonten ing komplek Sumur Kencana kaperang dados gangsal bangunan. Iring Ler piyambak kasebat bangunan Aula Sasana Jingga. Bangunan menika majeng mangidul. Ing salebetipun aula menika wonten pakiwanipun sarta ing perangan wingking dipunginakaken kangge gudhang. Bangunan Aula Sasana Jingga menika dipunginakaken kangge ngaso utawi lelenggahan dening tiyang-tiyang ingkang sami sowan wonten ing papan menika. Papan menika dipunginakaken dening pasarta ruwatan kangge cecawis gantos rasukan nalika badhe nindakaken siraman. Wondene ing perangan gudhang dipunginakaken kangge singgah piranti-piranti ruwatan kados dene kendhi, padasan, gayung lan sapanunggalanipun. Sakidulipun bangunan menika kasebat Sumur Kencana, ing papan menika wontenipun Jembatan Nawang Wulan ing sisih kidul Sumur Kencana, Jembatan Nawang Sih ing saleripun Sumur Kencana lan pitung bak toya ing sawingkingipun Sumur Kencana. Ing Sumur Kencana menika dipunginakaken kangge lumampahing prosesi ruwatan. Ing plataranipun Sumur Kencana menika dipuntatani padasan-padasan kangge nindakaken siraman lan pangkas rikma dening para pasarta ruwatan.

Wonten ing sakidulipun Sumur Kencana menika madeg bangunan Purna Graha utawi Graha Kencana. Bangunan Purna Graha menika dipunginakaken kangge singgah piranti-piranti ingkang nyengkuyung ritual. Wujudipun piranti-piranti menika antawisipun reca-reca, payung, ringgit, lukisan-lukisan lan sapanunggalanipun. Bangunan Graha Kencana menika dipunginakaken kangge ndedonga dening pasarta ruwatan saderengipun nindakaken siraman, mliginipun pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Nasrani.

Wonten ing sangajengipun bangunan Purna Graha wonten bangunan ingkang dipunsebat Tugu Ajisaka. Tugu menika wujudipun kados dene wit ingkang ronipun sinerat aksara Jawa. Wonten ing upacara Ruwatan, ing papan Tugu Ajisaka menika dipunginakaken kangge papan palenggahan para pasarta ruwatan nalika nengga giliranipun siraman. Wondene bangunan ingkang iring kidul piyambak inggih menika Mushola Al-Amin. Mushola menika dipunginakaken kangge papan pangibadahan tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami Islam. Ing Mushola Al-Amin menika dipunginakaken kangge ndedonga dening pasarta ruwatan saderengipun nindakaken siraman, mliginipun pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam. Ing ngandhap menika dhenah bangunan ing komplek Sumur Kencana.



Keterangan :

- | | | |
|------------------------|---|--|
| 1. Kamar Mandi | 6. Sumur Kencono | 11. Paseban Tugu Ajisaka |
| 2. Gudang | 7. Jembatan Nawang Wulan | 13. Papan Padasan Kangge Siraman |
| 3. Aula Sasana Jingga | 8. Bangunan Purna Graha / Graha Kencana | 12. Plataran Papan Pagelaran Ringgit Purwa |
| 4. 7 Bak Toya | 9. Mushola Al - Amin | |
| 5. Jembatan Nawang Sih | 10. Wit Ringin | |

B. Paraga Tradhisi Ruwatan

Tradhisi Ruwatan wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika dipuntindakaken saben malem surya kaping setunggal Sura. Lumampahing tradhisi kasebat dipunsengkuyung dening para paraga tradhisi. Paraga tradhisi menika saking warga Desa Sindutan, mliginipun saking Dhusun Bayeman ingkang makarya sesarengan kaliyan Paguyuban Kadang Gunung Lanang (PKGL), saha ugi saking njawi yogja.

Kangge mangertosi kawontenanipun para paraga tradhisi Ruwatan ing babagan kependudukan, pakaryaning warga, tataran pendidikan menapa dene *komposisi pemeluk* agami badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kependudukan

Supados langkung cetha malih badhe kaandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 1. Komposisi penduduk miturut umur

Yuswa	Jaler	Estri
9 taun	2 tiyang	2 tiyang
11-20 taun	6 tiyang	9 tiyang
21-30 taun	12 tiyang	9 tiyang
31-40 taun	15 tiyang	20 tiyang
61-70 taun	7 tiyang	8 tiyang
Cacahipun	42 tiyang	48 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Data kependudukan ingkang mekaten menika saperlu kangge mangertosi kawontenaning para paraga tradhisi menawi dipuntingali saking golongan yuswanipun.

2. Pakaryanipun Penduduk

Kantheni adhedhasar *data* monografi Desa Sindutan tahun 2019, katitik pakaryanipun warga masarakat Desa Sindutan mawarni-warni jinisipun. Supados langkung cetha badhe kaandharaken kados wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 2. Pakaryanipun Penduduk

Jinising Pakaryan	Jaler	Estri
Petani	35 tiyang	16 tiyang
Nelayan	27 tiyang	-
TNI	5 tiyang	-
Pedagang	3 tiyang	5 tiyang
Cacahipun	70 tiyang	21 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Data jinising pakaryanipun penduduk menika saperlu kangge mangertosi kawontenanipun jinising pakaryaning para paraga tradhisi Ruwatan. Ngengingi dumunungipun penduduk Desa Sindutan wonten ing tlatah *pedesaan*, jumbuh

kaliyan andharan tabel ing nginggil, katitik menawi saperangan ageng warga masarakat Desa Sindutan nggadhahi pakaryan minangka among tani. Pratelan menika saged katingal wonten ing salebeting tabel, menawi cacahipun tiyang ingkang pakaryanipun among tani ing Desa Sindutan langkung kathah piyambak.

3. Tataran Pendidikan

Kanthi adhedhasar Dhata Monografi Desa Sindutan taun 2019, tataran pendidikan masarakat Desa Sindutan saged katingal wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 3. Tataran Pendidikan Penduduk

Tataran Pendidikan	Jaler	Estri
SMP Sederajat	5 tiyang	4 tiyang
SMA Sederajat	9 tiyang	10 tiyang
SMK Sederajat	9 tiyang	5 tiyang
D-3/Sederajat	7 tiyang	10 tiyang
S-1/Sederajat	10 tiyang	12 tiyang
Cacahipun	40 tiyang	41 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Tahun 2019

Data tataran pendidikan menika saperlu kangge mangertosi tataran pendidikan para paraga tradhisi Ruwatan. Saking tabel ing nginggil saged dipunmangertosi menawi tingkat pendidikan masarakat Desa Sindutan kagolong sampun inggil.

4. Sistem Religi

Kanthi adhedhasar *data* monografi Desa Sindutan taun 2019, cacahing tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami saged katingal ing tabel ngandhap menika.

Tabel 4. Komposisi pemeluk agami

Agami	Jaler	Estri
Islam	30 tiyang	35 tiyang
Kristen	5 tiyang	5 tiyang
Katolik	6 Tiyang	-

Cacahipun	41 tiyang	40 tiyang
------------------	------------------	------------------

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Data komposisi pemeluk agami menika saperlu kangge mangertosi kapitadosan pangrasuking agami para paraga tradhisi Ruwatan. Paraga ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam menika wonten 65 tiyang, agami Kristen 10 tiyang saha agami Katholik 6 tiyang. Kangge ngawontenaken pangibadahan, ing Desa Sindutan ugi sampun kabangun Mesjid utawi Mushola lan Gereja-gereja. Sinaosa mekaten, nanging wonten ing pagesanganipun taksih katingal wontenipun kapitadosan dhateng para leluhuripun. Bab kasebat katitik taksih wonten upacara-upacara tradhisi lan wilujengan ingkang dipuntindakaken.

C. Mila Bukanipun

1. Mila bukanipun Petilasan Gunung Lanang minangka Petilasan Adipati Anom

Petilasan Gunung Lanang menika dipuncariyosaken jamanipun Mataram Kuno. Gunung Lanang menika sejatosipun inggih menika Petilasan Adipati Anom putra Sunan Mangku Rat I. Adipati Anom ingkang *bersekutu* kaliyan Belanda. Mataram Hadiningrat wonten ing Pleret menika runtuh amargi *pemberontakan* ingkang ageng ingkang dipunpimpin dening putra Adipati Cakraningrat wonten ing Madura, Trunojoyo. *Runtuhipun* Keraton Mataram wonten ing Pleret menika *memaksa* Sunan Mangku Rat I melarikan dhiri wonten ing sisih kilen kaliyan putra Pangeran. Sunan Mangku Rat I wonten ing Babad Ing Sengkala seda 10 Pebruari 1677 Masehi ing Wanayasa, Banyumas. Sunan Mangku Rat I dipunsareaken wonten ing Tegal Arum, saengga dipunjuluki Sunan Tegal Arum.

Saderengipun seda, Sunan Mangku Rat I sampun *menunjuk* putranipun, Adipati Anom dados raja kanthi dukungan pihak Belanda. Adipati Anom kondur wonten ing Ngayogyakarta, kangge ngrebut malih Keraton Mataram ing Pleret ingkang sampun dipunkuasai kaliyan Adipati Trunojoyo. *Dalam perjalanan* saking Banyumas/Cilacap, Adipati Anom mlebet wonten ing Gunung Lanang kaliyan salah satunggaling putri saking Cilacap. Adipati Anom menika ngaso wonten ing Puncak Gunung Lanang *dalam beberapa hari*. Dene putri saking Cilacap menika ngaso wonten ing sisih kilen Gunung Lanang.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 01.

“Lha kenging menapa dipunsebat Gunung Lanang, amargi papan menika petilasan Adipati Anom putranipun Sunan Mangku Rat I ingkang ngaso wonten ing Gunung Lanang.”(CLW 01).

Gayutanipun Gunung Lanang kaliyan Mataram menika Sultan HB IX angsal wahyu keprabon wonten ing Gunung Lanang. Salajengipun dipunkiyataken malih kanthi *pemberian* tombak pusaka saking Keraton Yogyakarta.

2. Mila Bukanipun Sumur Kencana

Mila bukanipun Sumur Kencana menika papan kangge sesuci Adipati anom ingkang ngaso wonten ing Gunung Lanang. Anggenipun nyikapi sedaya kabetahan toyanipun migunakaken toya ingkang kapendhet saking belik ingkang dumunung ing sakilenipun petilasan Gunung Lanang. Belik menika dipunsebat Sumur Kencana. Belik kasebat dipunginakaken kangge nyikapi kabetahan siram, nggirahi lan masak Adipati Anom kaliyan putri saking Cilacap kalawau. Wonten

ing Sumur Kencana menika, para pasarta ruwatan ugi migunaaken toya kangge siraman.

Wonten ing Sumur Kencana menika dipunpitadosi menawi toyanipun sae dipunginakaken kangge ngruwat utawi sesuci, pramila tiyang-tiyang ingkang badhe nglampahi utawi tirakat wonten ing papan petilasan menika tamtu badhe sesuci rumiyin wonten ing Sumur Kencana.

Ngengingi malem tanggal 1 Sura menika mujudaken taun ing warsa enggal, mila wekdal menika trep menawi dipunginakaken kangge sesuci. Jumbuh kaliyan kapitadosan menawi Petilasan Gunung Lanang menika dipungiinaaken kangge upacara-upacara tradhisi sarta ing Sumur Kencana minangka belik ingkang sae kangge ngruwat, pramila saking kawontenan mekaten, papan petilasan Gunung Lanang dipunginakaken kangge ngawontenaken tradhisi ruwatan, lan pinuwunan dening warga masarakat Dusun Bayeman sinengkuyung Paguyuban Kadang Gunung Lanang. Lampah ruwatan menika minangka sarana sesuci lair batos lumantar upacara siraman lan pangkas rikma. Lampahing prosesi ruwatan menika dipuntindakaken ing kompleks Sumur Kencana. Wontenipun pinuwunan ingkang dipuntindakaken ing Petilasan Gunung Lanang menika minangka sarana kangge nyenyuwun pandonga Dening ngarsaning Gusti.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 01.

“Dadi petilasan kuwi papan sing sinengker utawa disengker, nduweni daya sing linuwih kanggone kawruhe kasepuhan, mula dho nggo prihatin.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 02.

“Mengapa disitu, karena kita yakini dan memang sudah sering, bahwa air Sumur Kencana itu berkahipun, berkah kangge sesuci, mila dipunginakaken kagem ruwatan/siraman, itu memang untuk reresik. Apalagi Gunung Lanangnya sendiri kasinungan kawruh kasepuhan kangge laku prihatin utawi tirakat.”(CLW 02)

“Kenging menapa wonten mriku, amargi kita pitadosi lan panci sampun biasa, bilih toya Sumur Kencana menika berkahipun kangge sesuci, mila dipunginakaken kangge ruwatan. Menapa malih Gunung Lanangipun kasinungan kawruh kasepuhan kangge laku prihatin utawi tirakat.”(CLW 02).

Dados Sumur Kencana menika dipunpitadosi menawi toyanipun sae dipunginakaken kangge ngruwat utawi sesuci, pramila tiyang-tiyang ingkang badhe nglampahi utawi tirakat wonten ing papan petilasan menika tamtu badhe sesuci rumiyin wonten ing Sumur Kencana lan ugi Sumur Kencana menika saged kangge nambani lelara.

3. Mila Bukanipun Nawang Wulan kaliyan Nawang Sih

Asal-usul Nawang Wulan kaliyan Nawang Sih menika dipuncariyosaken menawi kekalih widodari menika saking kahyangan. Jembatan menika dipunginaaken kangge siram utawi lelumban kaliyan Nawang Wulan lan Nawang Sih. Sendang menika mujudaken sendang ingkang katon, mujudaken gambaran-gambaran asli widodari kalawau. Istilahipun menika tapak tilas tiyang ingkang sami ziarah wonten Gunung Lanang menika. Sendang kekalih menika kalawau dipunginaaken kangge padusan para pasarta ruwatan ing adicara 1 Sura.

Kekalih sendang kalawau wonten aliran ing sisih wetan, lajeng aliran menika boten ngertos pusatipun, menika arah gunung lanang. Nalika musim ketiga aliran menika mili *terus*. Salajengipun kantunan rawa, aliran menika dipuntutup ngagem duk kaliyan sesepuh Dhusun Bayeman lajeng dipungantos jumlah sepasang jembatan kalawau. Wonten ing legenda menika kawontenan Jaka Tarub kaliyan Nawang Wulan. Sejatosisipun Jaka Tarub menika wonten gayutanipun kaliyan Gunung Lanang ananging Mbah Muhdi menika boten mangertos gayutanipun menapa.

4. Mila Bukanipun Tradhisi Ruwatan

Asal-usul wontenipun tradhisi Ruwatan menika dipuncariyosaken kanthi kawontenan wayang ringgit *semalam suntuk* kangge mengeti tanggap warsa saben malem 1 Sura. Dhalang wayang ringgit menika saking Kokap, Kulon Progo ingkang asmanipun Ki Anom Sucandra saha paring lakon Durga Ruwat. Ruwatan menika dipunlampahi dening para warga sakiwa tengenipun petilasan menika lan ugi saking njawi dhaerah, ingkang sedaya paraga cacahipun wonten 80 tiyang. Petilasan Gunung Lanang menika mujudaken papan petilasan ingkang asring dipunginakaken dening para warga masarakat kangge tirakat. Papan menika wiwit rumiyin sampun angker lan nggadhahi daya *magis* ingkang linangkung.

Lampah-lampah ingkang asring dipuntindakaken dening para warga menika sami nyenyuwun marang ngersaning Gusti wonten ing papan Petilasan Gunung Lanang menika. Wosipun panyuwunan kasebat ing antawisipun nyenyuwun katentremaning penggalih, nyenyuwun drajat, pangkat, saha sanesipun. Ing papan menika kawontenan paguyuban ingkang asring dipunsebat Paguyuban Kadang

Gunung Lanang (PKGL). Ingkang kalebet ing paguyuban menika sedaya para warga ingkang sampun nate nglampahi wonten ing petilasan menika lan kersa ndherek ing Paguyuban Kadang Gunung Lanang menika. Ancasipun kagiyatan Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci menika mbiyantu masarakat ngilangaken aura sial saha saged pados rejeki.

D. Prosesi Lampahing Ruwatan

Prosesi lampahing tradhisi Ruwatan menika dipuntidakaken kanthi makarya sesarengan antawisipun warga padhukuhan Bayeman kaliyan Paguyuban Kadang Gunung Lanang. Ruwatan menika kanthi nindakaken upacara siraman lan pangkas rikma. Lampahing prosesi Ruwatan dipuntindakaken wonten ing kompleks Sumur Kencana. Wonten ing prosesi pangkas rikma dipuntindakaken kanthi mangkas saperangan rikmanipun para pasarta ruwatan. Pangkas rikma menika dipunpitadosi minangka rereged wonten ing rikmanipun para pasarta ruwatan. **Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelan informan 01.**

“ Ruwatan kuwi yo kanggo resesik lair batin sing dho diruwat kae, supayane mlebu ing taun anyar ki bisa resik suci”. (CLW 01)

Lampahipun tradhisi Ruwatan menika wonten ing warsa 2019 ingkang nggadahi tema “Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci”. Wonten ing salebetipun ruwatan menika, para pasarta ruwatan nindakaken siraman kanthi dipunbiyantu kaliyan sesepuh ingkang asring nindakaken ruwatan. Saderengipun ruwatan dipunwiwiti, para pasarta ruwatan dipunwajibaken ndedonga langkung rumiyin miturut kapitadosan piyambak-piyambak. Mliginipun tumrap pasarta

ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam dipunwajibaken maos surat Al-Fatihah kaping 7, Surat Yassin kaping 7, lan maos Dzikir kaping 7.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 02.

“Sing arep melu ruwatan menika kedah dipunwajibaken kangge nyamektaaken batinipun piyambak amargi laku donga, ingkang Islam dipundhawuhi maos Yassin 7, Al-Fatihah 7, lan Tahlil kaping 7”. (CLW 02)

Ing ngandhap menika transkrip waosan Surat Al-Fatihah, Surat Yassin, saha Tahlil.

Surat Al-Fatihah :

Bismillahir Rahmaanir Rahiim.

Alhamdulillah Rabbil'alamin. Arrahmannir Rahim. Maaliki Yaumiddiin. Iyyakana'budu waa iyyakanas ta'in. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaihi ghairil magdhuubi 'alaihim walab dhaalim. Amin.

Surat Yassin :

Bismillaahir Rahmaanir Rahiim.

Yaasiin. Wal Qur-aanil hakiim. In-naka laminal mursaliin. 'Alaa shiraathim mustaqiim. Tanziilal 'aziizir rahiim. Latundzira qaumam maa undzira aabaa-uhum fahum ghaafiluun. Laqad haqqal qaula 'alaa aktsarihim fahum laa yu'minuun. In-naa ja'alnaa fii a'naaqihim aghlaalaan fahiya ilal adzqaani fahum muqmahuun. Wa ja'alnaa mim baini aidiihim sad-daw wa minkhalfihim sad-dan fa-agh-syainaahum fahum laayub-shiruun. Wa sawaa-un 'alaihim a-andzartahuun am lam tun-dzirhum laa yu-minuun. In-namaa tundziru

*manittaba'adz-dzikra wa khasiyarrahmaana bil ghaibi fabasy-syirhu
 bimaghfiratin wa ajrin kariim. In-naa nahnu nuhyil mautaa wa naktubu maa
 qad-damuu wa aatsaarahum wa kulla syai-in ah- shainaahu fii imaamim mibiin.
 Wadhrib lahum matsalan ash-haabal qaryah, idz-jaa-ahal mursaluun. Idz
 arsalnaa ilaihimuts naini fakadz-dzabuuhumaa fa'azzaznaa bitsaalitsin faqaaluu
 in-naa ilaikum mursaluun. Qaalu in-naa tathay-yarnaa bikum la-il lam tan-tahuu
 lanarjuman –nakum wa layamas-san-nakum min-naa 'adzaabun aliim. Qaaluu
 thaa-irukum ma'akum a-in dzuk-kirtum bal antum qaumum musrifuun. Wa jaa-a
 min aqshal madiinati rajuluy yas'aa qaala yaa qaumit-tabi'ul mursaliin.
 Ittabi'uu mal laa yas-alukum ajraw wahum muhtaduun. Wa maa liya laa
 a'budul-ladzii fatharanii wa ilaihi turja'un. A-attakhidzu min duunihii aalihatan
 iy-yuridnir-rahmaanu bidhuriril laa tughni 'an-nii syafa 'atuhum syai-aw-wa laa
 yunqidzuun. In-nii idzal lafii dhalaalim mubiin. In-nii aamantu birabbikum
 fasma'uun. Qiilad-khulil jan-nah, qaala yaalaita qaumii ya'lamuun. Bimaa
 ghafara lii rabbi wa ja'alanii minal mukramiin. Wa maa anzalnaa 'alaa
 qaumihii mim ba'dihii min jundim minas samaa-i wa maa kun-naa munziliin. In
 kaanat illaa shaihataw waahidatan fa idzaahum khaamiduun. Yaa hasratan 'alal
 'ibaadi maa ya -tiihim mir -rasuulin illa kaanuu bihii yastahzi-uun. Alam yarau
 kam ahlaknaa qablahum minalquruuni an-nahum ilaihim laa yarji'uun. Wa in
 kullul lammaa jamii'ul ladainaa muhdharuun. Wa aayatul lahumul ard hul
 maitatu, ahsyainaahaa wa akhrajnaa minhaa habban fa minhu ya-ku-luun. Wa
 ja'alnaa fiihaa jan-naatim min nakhiiliw wa a'naabiw wa fajjarnaa fiiha
 minal'ayuun. Liya-kuluu min tsamarihii wa maa 'amilat-hu aidihiim, afaalaa*

yasy-kuruun. Subhaanal ladhii khalaqal azwaaja kullahaa mim-maa tumbitul
 ardhu wa min anfusihim wa mim-maa laa ya'lamuun. Wa aayatul lahumul lailu
 naslaku minhun nhaarafa idzaahum muzh-limuun. Wasy-syamsu tajrii
 limustaqarril laha, dzaalika taqdiirul 'aziizil 'alim. Wal qamara qad -darnaahu
 manaazila hatta 'aadakal'urjuunil qadiim. Lasy syamsu yambaghii lahaa an
 tudrikal qamara walal lailu saabiqun nahaar, wa kullun fii falakiy yas-bahuun.
 Wa aayatul lahum an-naa hamalnaa dzurriy-yata-hum filfulkil masyhuun. Wa
 khalaqnaa lahum mim mits-lihii maa yarka-buun. Wa in-nasya-nughriqhum falaa
 shariikha-lahum walaa hum yunqadzuun. Illaa rahmatam min-naa wa mataa'an
 ilaa hiin. Wa idzaa qiila lahumuttaquu maa baina aidiikum wamaa khalfakum
 la'allakum turhamuun. Wa maa ta-tiihim min aayatim min aayaati rabbihim illaa
 kaanuu 'anhaa mu'ridhiin. Wa idzaa qiila lahum anfiquu mimmaa razaqaku-
 mullaahu, qaalal-ladziina kafaruu lilladziina aama-nuu, anuth'imu mallau
 yasyaa-ullahu ath'amahuu, in antum illaa fii dhalaalim mubiin. Wa yaquuluuna
 mataa haadzal wa'du inkuntum shaadiqiin. Maa yanzhuruuna illaa shaihataw
 waahidatan takhidzuhum wa hum yakhish-shimuun. Falaa yastathii-'uuna
 taushiyataw walaa ilaa ahlihim yarji'uun. Wa nufikha fish-shuuri fa idzaa hum
 minal ajdaatsilaa rabbihim yansiluun. Qaaluu yaawailanaa mam ba'atsanaa
 mim marqa-dinaa, haadzaa maa wa'adar rahmaanuu wa shadaqal mursaluun. In
 kaanat illaa shaihataw waahidatan fa idzaahum jamii'ul ladainaa muhdaruun.
 In -na ash-haabal jan-natil yauma fii syughulin faakihiun. Hum wa azwaajuhum
 fii zhilaatin 'alal-araa -iki muttaki-un. Lahum fiihaa faakiyataw wa lahum maa
 yadda-'uun. Salaam, qaulam mir rabbir rahiim. Wamtaazul yauma ayyuhal

mujrimuun. Alam a'had ilaikum yaabanii aadama al-laa ta'bu-dusy syaithaana, in-nahuu lakum 'aduw-wum mubiin. Wa ani'buduunii, haadzaa shiraathum mustaqiim. Wa laqad adhalla minkum jibillan katsiira, afalam takuunuu ta'qiluun. Haadzihi jahan -namul latii kuntum tuu'aduun. Ishlauhal yauma bimaa kuntum takfuruun. Alyauma nakhtimu 'alaa afwaahihim wa tukal-limuna aidiihim wa tasyadu arjuluhum bimaakaanuuyaksibuun. Wa lau nasyaa-u lathamasnaa 'alaa a'yunihim fas-tabaqush-shiratha fa -an naa yubshiruun. Wa lau nasyaa-u lamasakh-naahum 'alaa makaanatihim famastathaa'uu mudhiyyaw wa laa yarji'uun.wa man nu'ammirhu nunak-kis-hu filkhalqi, afalaa ya'qiluun. Wa maa 'alamnaahusy-syi'ra wa maa yambaghiilah, in huwa illa dzikruw wa qur-aanum mubiin. Liyundzira man kaana hayyaw wa yahiqqal qaulu 'alal kaafiriin. Awalam yarau an-naa khalaqnaa lahum mimmaa 'amilat aidiinaa an'aaman fahum lahaa maalikuun. Wa dzallalnaahaa lahum faminhaa rakuubuhum wa minhaa ya-kuluun. Wa lahum fiihaa manaafi'u wa masyaarib, afalaa yasykuruun. Wattakhadzuu min duunillaahi aalihatal la'allahum yunsharuun. Laa yastathii'uuna nashrahum, wahum lahum jun-dum muhdharuun. Falaahazunka qauluhum in -naa na'lamu ma yusirruuna wa maa yu'linuun. Awalam yaral insaanu an-naa khalaqnaahu min nith-fatin fa-idzaa huwa khashiimum mubiin. Wa dharaba lanaa matsalaw wa nasiya khalqah, qaala may yuhyil 'izhaama wahiya ramiim. Qul yuhyiihal ladii ansya-ahaa aw-wala marrah, wahuwa bikulli khalqin'aliim. Alladii ja'ala lakum minasy syajaril akhdhari naar-an faidzaa antum minhu tuuqiduun. Awalaisal ladii khalaqas samaawaati wal ardha biqaadirin 'alaaa ay-yakhluaq mintsilahum

balaa, wa huwal khallaaqul ‘aliim. In-namaa amruhuu idzaa araada syai-an ay-yaquu-lalahuu kun fayakuun. Fasubhaanal ladzii biyadihi malakuutu kulli syaiiw-wa ilaihi turja’uun.

Dzikir :

Subhanallah

Alhamdulillah

Allahuakbar

Semanten ugi ingkang ngrasuk agami Nasrani dipunwajibaken maos Rosario kaping 7 lan ndongo Bapa Kami kaping 7 ugi. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 03.

“Sementara yang Katholik dan Nasrani itu 7 kali Rosario dan 7 kali Bapa Kami”. (CLW 03)

“Ingkang Katholik lan Nasrani menika Rosario kaping 7 lan dongo Bapa Kami kaping 7”. (CLW 03)

Ing ngandhap menika transkrip waosan Rosario saha Dongo Bapa Kami.

Waosan Rosario :

Demi Nama Bapa, dan Putera, dan Roh Kudus, Amin.

Aku percaya.... Kemuliaan.... Bapa kami....

Salam, puteri Allah Bapa – Salam Maria...

Salam, bunda Allah Bapa – Salam Maria...

Salam, mempelai Allah Roh Kudus – Salam Maria... Kemuliaan

Peristiwa 1. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 2. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 3. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 4. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 5. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa-peristiwa Rosario :

Peristiwa Gembira

- 1. Maria menerima kabar gembira dari malaikat Gabriel. (Luk 1:35-38)*
- 2. Maria mengunjungi Elisabet, saudaranya. (Luk 1:40-42)*
- 3. Yesus dilahirkan di kandang Bathelem. (Luk 2: 10-12)*
- 4. Yesus dipersembahkan dalam Bait Allah (Luk 2:22-34)*
- 5. Yesus ditemukan dalam Bait Allah (Luk 2:46-48)*
- 1. Yesus dibaptis di sungai Yordan (Mat :316-17)*
- 2. Yesus menyatakan diri-Nya dalam pernikahan di Kana (Yoh 2:11)*
- 3. Yesus memberitakan Kerajaan Allah dan menyerukan pertobatan (Mat 4:17,23)*
- 4. Yesus menampakan kemuliaan-Nya (Mat 17:2,5)*
- 5. Yesus menetapkan Ekaristi (Mrk 14:22-24)*
- 1. Yesus berdoa kepada Bapa-Nya dalam sakrat maut (Luk 22:39-42)*
- 2. Yesus didera (Mat 27:24-26)*
- 3. Yesus dimahkotai duri (Mat 27:29-30)*
- 4. Yesus memanggul salib-Nya ke gunung Kalvari (Yoh 19:17-18)*
- 5. Yesus wafat di salib (Luk 23:44-46)*

Peristiwa Mulia

1. *Yesus bangkit dari antara orang-orang mati (Luk 24:1-5)*
2. *Yesus naik ke surga (Luk 24:50-52)*
3. *Roh Kudus turun atas para rasul (Kis 2:1-4)*
4. *Maria diangkat ke surga (Why 12:1)*
5. *Maria dimahkotai di surga (Luk 1:56-47)*

Doa Bapa Kami :

Bapa kami yang ada di surga, dimuliakanlah namaMu. Datanglah kerajaanMu. Jadilah kehendakMu di atas bumi seperti didalam surga. Berilah kami rejeki pada hari ini, dan ampunilah kesalahan kami, seperti kamipun mengampuni yang bersalah kepada kami. Dan janganlah masukkan kami ke dalam percobaan, tetapi bebaskanlah kami dari yang jahat. Karena Engkau lah yang memiliki kerajaan dan kuasa dan kemuliaan sampai selama-lamanya. Amin.

Anggenipun nindakaken donga menika, ingkang ngrasuk agami Islam wonten ing Mushola Al-Amin, sakidulipun kompleks Sumur Kencana. Dene ingkang ngrasuk agami Nasrani wonten ing salebetipun bangunan Graha Kencana.

Kirang langkung tabuh 20.30 WIB, prosesi ruwatan dipunwiwiti. Ruwatan menika dipunpandhegani dening para sesepuh PKGL inggih menika Bapak Muhdi, Bapak Suwasono, Bapak Rustanto, lan Mbak Indah. Para sesepuh paguyuban menika ingkang ngatur lampahing ruwatan menika. Langkung rumiyin para pasarta kasuwun cecawis kangge siraman sarana gantos rasukan, ingkang kakung gantos rasukan namung ngagem kain pethak utawi jarit lan kalungan roncen sekar melathi.

Inggang putri kasuwun kembenan ngagem kain pethak utawi jarit lan kalungan roncen sekar melathi ugi. Sasampunipun sami gantos rasukan, para pasarta kasuwun lenggah ing sangajengipun bangunan Purna Graha utawi ing sakidulipun Sumur Kencana saperlu ngentosi wekdal giliranipun siraman. Miturut cathetan pendhaftaran sedaya pasarta Ruwatan menika cacahipun wonten 80 tiyang. Lampahipun siraman menika gentosan mbaka selikur pasarta, awit padasan ingkang sampun dipuncawisaken cacahipun wonten selikur padasan.

Tata cara siraman wonten ing tradhisi Ruwatan inggih menika, langkung rumiyin selikur pasarta ruwatan kasuwun tumuju ing papan siraman. Salajengipun pasarta ruwatan kasebat kasuwun lenggah ing kursi-kursi sangajengipun padasan ingkang sampun dipuncawisaken. Sasampunipun lenggah ing kursi, pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam kasuwun maos Surat Al-Fatihah kaping 7, dene ingkang ngrasuk agami Nasrani kasuwun maos *Dongo Bapa Kami* kaping 7 ugi. Salajengipun kanthi urut setunggal mbaka setunggal, pasarta kasuwun tumuju ing Jembatan Nawang Sih (sisih ler Sumur Kencana), saperlu nggebyur badanipun 7 gayung. Sejatosipun Nawang Sih menika putranipun Jaka Tarub kaliyan Nawang Wulan. Nawang sih menika widodari saking kahyangan ingkang nembe siram wonten ing Sumur Kencana.

Salajengipun tumuju ing 7 bak toya ingkang wonten ing sawingkingipun Sumur Kencana saperlu nggebyur badanipun setunggal gayung saben bakipun. Sasampunipun nggebyur ing pitung bak, pasarta kasuwun tumuju ing Jembatan Nawang Wulan (sisih kidul Sumur Kencana) saperlu nggebyur badanipun 7 gayung. Nawang Wulan menika widodari saking kahyangan ugi ingkang nembe

siram wonten ing Sumur Kencana kalawau. Sasampunipun saking Jembatan Nawang Wulan, lajeng pasarta kasuwun lenggah malih wonten ing kursinipun piyambak. Pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam kasuwun maos Surat Al-Fatihah kaping setunggal, dene ingkang ngrasuk agami Nasrani kasuwun maos *Doa Bapa Kami*.

Salajengipun pasarta kasuwun siram mawi padasan ingkang sampun kacawisaken ing sangajengipun papan pilenggahan pasarta. Sasampunipun siram mawi toya padasan ngantos toyanipun telas, pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam kasuwun maos Al-Fatihah kaping setunggal, dene ingkang ngrasuk agami Nasrani kasuwun maos *Doa Bapa Kami* malih. Pasarta kasuwun siraman mawi toya kendi ingkang sampun kacawisaken ing sanginggilipun padasan ngantos toyanipun telas.

Salajengipun pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam kasuwun maos Al-Fatihah kaping setunggal, dene ingkang ngrasuk agami Nasrani kasuwun maos *Doa Bapa Kami* kaping setunggal ugi lan mangkas rikmanipun migunakaken gunting ingkang sampun kacawisaken dening Bapak Muhdi. Pangkasan rikma pasarta ruwatan kasebat. Sasampunipun mangkas rikma menika, lampah siraman sampun paripurna, lajeng para pasarta kasuwun gantos rasukan. Lampah siraman kasebat dipunwangsuli malih dening urutan pasarta.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Kan kae ngguyur masing-masing, ngguyur dhirinya sendiri, itu 7 cidhuk untuk jembatan Nawang Sih dan 7 cidhuk untuk Jembatan Nawang

Wulan terus sing bak mburi kae 1 cidhuk, terus bar kuwi ngenteke 1 kendhi lan 1 padasan.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 03.

“Dadi pas siraman menika urutanipun pasarta sing arep melu diaturi lenggah *di depan padasan dari yang Islam disuruh membaca 7x Al-Fatihah dan yang Nasrani 7x Bapa Kami, terus setelah selesai ngaturi satu-satu untuk mandi di Jembatan Nawang Sih dulu yang sebelah lor kae untuk 7x gebyur, terus gebyur ke 7 kotak itu masing-masing satu gayung, terus masuk ke Jembatan Nawang Wulan sik sisih kidul untuk 7x gebyur, terus duduk lagi didepan padasan untuk baca Al-Fatihah/Bapa Kami sekali, terus mandi padasan sampai habis, setelah itu baca Al-Fatihah/Bapa Kami lagi sekali dan mandi air kendhi sampai habis, terakhir baca Al-Fatihah/Bapa Kami sekali untuk motong rambut dan selesai, peserta disuruh ganti pakaian.*” (CLW 03)

“Dadi pas siraman menika urutanipun pasarta sing arep melu diaturi lenggahing sangajenging padasan, saking ingkang Islam kasuwun maos Al-Fatihah kaping 7 lan ingkang Nasrani Bapa Kami kaping 7, lajeng sasampunipun rampung ngaturi setunggal mbaka setunggal kangge siram ing Jembatan Nawang Sih langkung rumiyin ingkang iring ler menika kangge nggebyur kaping 7, lajeng nggebyur wonten 7 kothak menika setunggal gayung setunggal kothak, lajeng mlebet wonten Jembatan Nawang Wulan kangge nggebyur kaping 7 ing sisih kidul, lajeng lenggah

malih ing sangajenging padasan kangge maos Al Fatihah utawi Bapa Kami kaping setunggal, lajeng siram mawi padasan ngantos toyanipun telas, sasampunipun menika maos Al-Fatihah utawi Bapa Kami malih kaping setunggal lan siram mawi toya kendhi ngantos telas, pungkasan maos Al-Fatihah utawi Bapa Kami kaping setunggal kangge mangkas rikma lan paripurna, pasarta kasuwun gantos rasukan malih.” (CLW 03)

Sedaya toya ingkang dipunginakaken kangge ruwatan menika kapendhet toya saking Sumur Kencana. Bab kasebat jumbuh kaliyan dhawuh lumantar wangsit ingkang dipuntampi dening sesepuh paguyuban. Sasampunipun setunggal kloter siraman sampun rampung, lajeng sedaya jembatan, padasan lan kendhi kala wau dipunisi malih kangge siraman kloter salajengipun, anggenipun ngisi toya kasebat kabiyantu dening Bapak Muji, Bapak Eko, Bapak Ngadiyanto, lan Mas Bejo.

Lampah mekaten kala wau dipuntindakaken ngantos kloter siraman ingkang pungkasan. Sedaya para pasarta ruwatan miturut seratan pendhaftaran cacahipun wonten 80 tiyang. Sasampunipun sedaya kloter siraman menika rampung, salajengipun sedaya pasarta ruwatan kasuwun lenggahan sinambi nengga prosesi manengku puja utawi pinuwunan ing kompleks Petilasan Gunung Lanang. Prosesi siraman lan pangkas rikma menika kapungkasi kirang langkung tabuh 23.00 WIB.

E. Kawontenanipun Makam Gunung Lanang

Ruwatan menika dipuntindakaken wonten ing kompleks Makam Gunung Lanang ingkang kasusun saking mapinten-pinten bangunan. Saben bangunan

menika nggadahi fungsi piyambak-piyambak. Bangunan-bangunan ingkang madeg wonten ing kompleks Gunung Lanang menika dipunbangun dening Paguyuban Kadang Gunung Lanang ingkang *dipunprakarsai* dening Bapak Muhdi kangge mangertosi bangunan ingkang madeg wonten ing kompleks Gunung Lanang menika.

Bangunan menika kadosta Mushola Al-Amin ingkang madeg ing sisih kidul kilen ingkang fungsipun dipunginaaken kangge ngibadah warga masarakat saha para pasarta ruwatan ingkang ngrasuk agami Islam. Ing ngandhap menika gambar Mushola Al-Amin ingkang dipunginaaken kangge ngibadah.



Gambar 05. Mushola Al-Amin

Sumber Dokumentasi Wike

Ing saleripun Mushola Al-Amin menika madeg bangunan ingkang dipunwastani Graha Kencana. Bangunan menika fungsipun dipunginaaken kangge nyimpen piranti-piranti ingkang dipunanggep keramat. Ing ngandhap menika gambar Graha Kencana.



Gambar 06. Purna Graha/Graha Kencana

Sumber Dokumentasi Wike

Ing sisih ler bangunan Graha Kencana menika wonten bangunan Tirta Kencana. Menika awujud sumur ing sakiwa tengenipun kawontenan kalih padasan inggih menika Nawang Wulan kaliyan Nawang Sih. Tirta Kencana menika dipunpitadosi dening masarakat bilih toyanipun suci. Dados papan menika dipunginaaken kangge wudhu, siram, utawi resesik kangge para pasarta ruwatan. Ing ngandhap menika gambar Sumur Tirta Kencana.



Gambar 07. Tirta Kencana

Sumber Dokumentasi Wike

Wondene ing sangajengipun bangunan Tirta Kencana menika kawontenan Prasasti Tugu Aji Saka. Prasasti menika awujud *tiruan wit*. Ronipun kaserat mawi aksara Jawa. Prasasti Tugu Aji Saka menika ingkang nggambaraken pagesangan wonten ing donya. Kados ingkang kacariyosaken wonten ing Hanacaraka, Datasawala, Padhajayanya, saha Magabathanga. Ing ngandhap menika gambar Prasasti Tugu Ajisaka ingkang awujud *tiruan wit* saha ronipun sinerat aksara Jawa.



Gambar 08. Prasasti Tugu Ajisaka

Sumber Dokumentasi Wike

Saderengipun minggah wonten ing Makam Gunung Lanang sisih tengen dumunung bangunan ingkang dipunwastani Candi Wisuda Panitisan. Dipunsebat Candi Wisuda Panitisan amargi Candi Wisuda Panitisan menika kawontenan bangunan *terbuka* ingkang wonten sekawan trap. Bangunan menika ingkang ngagem umat katholik utawi kristen. Bangunan menika kawontenan wit ringin ingkang cacahipun kalih, lajeng dipunbetengi tembok *segi empat* werni pethak.

Candi Wisuda Panitisan dipunginaaken kangge sesajen nalika wonten ing wayangan sasi Sura. Ing ngandhap menika gambar Candi Wisuda Panitisan.



Gambar 09. Candi Wisuda Panitisan

Sumber: Dokumentasi Wike

Sasampunipun Candi Wisuda Panitisan, menika lajeng menggok ing sisih tengen. Sakiwa tengenipun tuwuh wit-witan ingkang rungkut. Ing ngandhap menika gambar ingkang dipunpendhet saderengipun minggah Sasana Suksma.



Gambar 10. Margi saderengipun mlebet Sasana Suksma

Sumber : Dokumentasi Wike

Sasampunipun minggah menika wonten bangunan Astana Jingga. Dipunsebat Astana Jingga amargi menawi tiyang-tiyang ingkang tirakat utawi

nindakaken ritual wonten ing papan menika supados paring kaberkahan. Menika bangunan ing ngandhapipun Sasana Suksma. Ing Sasana Jingga kawontenan trap-trapan ingkang cacahipun ana pitu. Ing ngandhap menika gambar Astana Jingga.



Gambar 11. Astana Jingga

Sumber: Dokumentasi Wike

Salajengipun wonten Sasana Suksma. Sasana Suksma menika prasasti ingkang seratanipun aksara Jawa. Bangunan menika ugi awujud trap-trapan ingkang cacahipun pitu. Papan menika dipunginaaken kangge papan semedi saha papan sajenipun. Dados para pasarta ruwatan menika miwiti ritual semedi kanthi konsentrasi sanget. Papan menika awujud bunderan ingkang satengahipun madeg tugu ingkang pucukipun wonten sekar werni emas. Ing ngandhap menika gambar Sasana Suksma.



Gambar 12. Astana Suksma

Sumber: Dokumentasi Wike

F. Nyawisaken Sesajen

Sasampunipun sowan wonten ing dalemipun juru kunci, lajeng dipunarak dumugi Kompleks Makam Gunung Lanang. Para pasarta ruwatan nyawisaken sesaji utawi ubarampe kangge sarat nglampahi prosesi Ruwatan. Sesaji ruwatan wonten ing tradhisi menika wujudipun ingkung, tumpeng robyong wernipun pethak saha kuning, kepala kerbau, kebo bule, sekar roncean kados mlathi, kanti, sekar kranjangan, dupa ratus. Sanesipun malih ugi wonten arta logam biasanipun ganjil utawi *seribuan*, gunung kadosta jejanganan, woh-wohan. Sedaya sajen ruwatan menika kapapakaken wonten ing sawingkingipun kelir ringgit.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 01.

“Ya ana tumpeng-tumpeng kae, ingkung, jejanganan, woh-wohan kadosta nanas, pelem, pisang, sawo, salak, apel, pisang tundenan, liran. Sajen ruwatan kuwi sing ana nang mburi kelir wayang kae.” (CLW 01)

1) Inkung

Sesaji ruwatan ingkang awujud ingkung menika anggenipun damel migunaaken sawung wutuhan ingkang dipuntaleni ngagem rafia. Bumbu-bumbu ingkung menika kadosta brambang, bawang, kunir, tumbar, miri, mrica, laos, gendhis Jawi, sarem, lan santen klapa. Sasampunipun sawung kalawau dipuntaleni, bumbu-bumbu menika dipunulek lan dipungongso sarta dipunsukani santen klapa. Sasampunipun saten klapa umep, lajeng sawung kalawau dipunlebetaken ngantos dagingipun empuk. **Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 02.**

“Lha ingkung niku pitik jago wutuh sakjerothane dibumboni brambang, bawang, kunir, tumbar, mrica, laos, gula, uyah, santen, klapa, terus diungkep.” (CLW 02).

Wujuding sesaji Ruwatan ingkang awujud ingkung kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 13. Inkung.

Sumber: Dokumentasi Wike

2) Sekar Roncean

Sekar roncean menika wujudipun sekar mlathi, kanthil, kenanga, mawar. Sekar-sekar menika minangka rajaning sekar. Wujudipun sesaji menika kasebat ugi sekar setaman. Sekar menika namung tumbas wonten ing peken kemawon

lajeng dipuntata wonten ing salebeting sajen ruwatan menapa dene sajen wayang.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun informan 06.

“Menawi sekar nggih namung tumbas kemawon wonten peken-peken lak kathah, pokoke wujudde sekar mlathi, kanthil, kenanga.” (CLW 06)

Wujuding sesaji Ruwatan sekar setaman kadosta ing ngandhap menika.



Gambar 14. Sekar Setaman

Sumber: Dokumentasi Wike

3) Tumpeng Robyong Pethak lan Kuning

Tumpeng Robyong ingkang kadamel kanthi werni pethak lan kuning menika ancasipun kangge simbol kemawon, werni pethak minangka simbol kesucian, dene werni kuning minangka simbol raos sukur kita dhateng ngarsaning pengeran.

Tumpeng Robyong menika simbol kaslamatan, kasuburan, saha kamardikan. Tumpeng ingkang arupa Gunung ingkang nggambaraken *kemakmuran sejati*. Tumpeng robyong menika wujudipun kerucut. Wonten ing bagan tumpeng menika dipuncawisaken endog pitik, trasi, bawang, saha lombok.

Tumbeng Robyong menika bahanipun beras, lajeng ingkang tumpeng Robyong kuning diputambahi kunir, ron salam, sarem, lan santen klapa.

Andharan kesebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 03.

“Menawi bahanipun nggih namung beras, lajeng mangke kangge sing kuning dipuntambah kunir, sarem, godhong salam, lan santen. (CLW 03)

Anggenipun damel tumpeng Robyong pethak menika, beras dipupususi lajeng dipundang ngantos mateng. Sasampunipun sampun mateng, lajeng dipuncithak migunaaken kukusan kerucut saking anyaman bambu menika. Wonten ing tumpeng pethak menika dipuntatani tigang godhong saubengipun tumpeng, lajeng ing pucukipun dipuntancepi lombok abrit, brambang, kaliyan bawang. **Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 02.**

“Nek tumpeng putih iku ya mung sekul putih biasa digawe tumpeng, wingi iku tumpenge putih terus dikelilingi endog godhog terus atasmu dikasih brambang, bawang, lombok.” (CLW 02)

Wujuding sesaji Ruwatan ingkang arupi Tumpeng Robyong pethak kados gambar ing ngandhap menika.



Sumber: <https://gpswisataindonesia.wordpress.com>

Wondene anggenipun damel tumpeng Robyong kuning menika beras dipunpususi lajeng dipunsukani toya parutan kunir, sarem, ron salam, saha santen klapa. Lajeng dipundang ngantos mateng. Sasampunipun mateng kanthi warni kuning, lajeng dipuncithak migunaaken kukusan ingkang awujud kerucut. Wujuding tumpeng Robyong kuning kados ing gambar ngandhap menika.



Sumber: https://id.m.wikipedia.org/wiki/Tumpeng_robbyong

4) Wowohan

Sesaji ingkang dipunsebat wowohan menika wujudipun maneka warni wowohan ingkang wonten kadosta pisang, sawo, salak, pelem, blimbing, lan sanesipun. Maneka warni wowohan menika namung tumbas wonten ing peken kemawon lajeng dipuntata setunggal mbaka setunggal ing salebeting wadhah. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 04.

“Lajeng wowohan menika nggih tumbas ten peken, sedaya tumbas ten peken, mangke wonten griya kanton madhahi ten tampah nika. Wowohan niku nggih kados anggur, pisang, apel, salak, lan sanesipun.” (CLW 04). Wujuding sesaji arupa wowohan kados ing ngandhap menika.



Sumber: <http://konsultasispiritual.co.id>

5) Ndhas Maesa

Sajen ingkang wujudipun ndhas maesa menika arupi ndhas maesa ingkang dipunwadhahi migunakaken pengaron. Sajen menika namung tumbas kemawon, ateges boten mragat Maesa piyambak, dados namung tumbas ndhas maesanipun kemawon. Sesaji menika kapilih mawi ndhas Maesa amargi ngengingi saking blegeripun maesa ingkang kiyat lan rosa. Wujud sesaji menika minangka sarana nyimbolaken pangorbanan ingkang kiyat dhateng ngarsaning Pangeran, mila kapilih migunakaken ndhas Maesa, ing pangangkah supados wujud pangorbanan kalawau saged kiyat kados dene kekiyatanipun Maesa.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 01.

“Dadi ndhas kebo kae mung pesen, ora mbeleh dhewe, pokoke mung ndhase thok.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 05.

“Ning yen ndhas kebone kui pesen, kula boten ngertos pesen ten pundi, ning menika namung tumbas ndasipun mawon, boten mbeleh piyambak.” (CLW 05)

Wujuding sesaji Ndhas Maesa kadosta ing ngandhap menika.



Gambar 15. Ndhas Maesa

Sumber: Dokumentasi Wike

6) Arta Logam

Arta wajib menika mujudaken salah satunggaling rerangken sesaji ingkang kalebet ing pisang sanggan. Arta wajib menika biasanipun arta ingkang awujud logam ingkang ganjil utawi seribuan. Menika namung kangge jangkeping sesaji kemawon. Arta wajib menika dipunpapakaken dados setunggal kaliyan rerangken sekar setaman.

Arta wajib menika nggadahi makna kangge njangkepi sesaji, bilih anggenipun nyawisaken sesaji menika wonten ingkang kirang utawi boten pepak supados kangge jangkepi sarana tumbas piyambak.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informasi 02.

“Nggih menawi namanipun arta wajib, yo kuwi kanggo ngompliti sesaji, supados menawi sesajinipun wonten ingkang kirang saged tumbas piyambak.” (CLW 02)

G. Fungsi Ruwatan Spiritual Kagem Masarakat Panyengkuyung

1. Hiburan

Amargi papan upacara ruwatan wonten ing Gunung Lanang menika marginipun tumuju ing Gunung Lanang berkelok sekedhik lan ing sakeliling pinuju Gunung Lanang kawontenan saben-saben ingkang ijem-ijem sanget. Saengga ingkang *berkunjung* wonten Gunung Lanang menika saged nyaman.

2. Wisata

Gunung Lanang menika dados papan dipuntidakaken tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci, ing sakiwa tengenipun kawontenan Pantai Glagah kaliyan Bandhara YIA. Dados menawi badhe pinuju ing Gunung Lanang menika saged lewat ngajengipun Bandara YIA lan para pengunjung saged ugi wisata ing Pantai Glagah kangge ningali kaendahan Pantai menika.

H. Tanggepanipun Masarakat Kawontenan Tradhisi Ruwatan

Kathah tanggepan ingkang ngandharaken bilih ruwatan menika sesaji kangge nyuwun kaslamatan saking malapetaka utawi marabahaya ingkang *menimpa*. Kanthi kapitadosan menika, tiyang ingkang ngrasa ing sajroning kadadean badhe usaha lan nindakaken ruwatan menika. Kanthi ancas supados *terhindar* saking malapetaka.

Sanesipun menika, wonten pendapat bilih ruwatan boten namung kagem *perorangan* kemawon, ananging ugi saged kangge merti dhusun utawi resik-resik dhusun. Upacara Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci ing Dhusun Bayeman menika dipunikuti kaliyan kluwarga ingkang dipunruwat lan ugi kathah

dipundhereki kaliyan tiyang sanes saking Jawi dhaerah kangge ndherek prosesi upacaraipun lan wonten ugi namung ningali kemawon.

I. Paedahipun Tradhisi Ruwatan

Upacara Tradhisi Ruwatan wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika taksih dipuntindakaken dening warga masarakat panyengkuyung. Masarakat panyengkuyung taksih ngukuhi adhat ingkang sampun turun-tumurun tilaranipun para leluhur. Upacara Ruwatan kasebat taksih dipuntindakaken ngantos dumugi samenika, awit dipunjalari wontenipun paedah-paedah upacara kasebat tumrap warga masarakat panyengkuyung.

Paedah-paedah ingkang wonten ing upacara kasebat inggih menika paedah spiritual, paedah sosial. Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, pramila paedahipun upacara menika saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1 Paedah Spiritual

Paedah spiritual mujudaken paedah ingkang wonten gayutipun kaliyan kapitadosan bab ingkang gaib. Paedah spiritual wonten ing lampahing upacara Tradhisi Ruwatan menika sambet kaliyan sesembahaning manungsa nyenyuwun dhateng ngersaning Gusti kanthi linantaran berkahipun para leluhur-leluhur. Katitik wonten ing upacara Ruwatan menika kanthi ngawontenaken prosesi pinuwunan utawi manengku puja ing Petilasan Gunung Lanang. Pandonga ing saderengipun ruwatan menika ancasipun kangge cecawis anggenipun badhe nindakaken ruwatan supados kaganjar kawilujengan lan pinaringan barokah saking ngersaning Gusti ing sadangunipun lampah ruwatan menika. Dene

pinuwunan ing petilasan menika kangge mahyakaken sedaya panyuwunan ingkang dipunkajengaken dening para warga panyengkuyung. Ing ngandhap menika wawan rembag kaliyan warga sakiwa tengenipun Gunung Lanang:

X :Kenging menapa Pak kok ritual ruwatan dipunadani wonten ing Gunung Lanang?

Y :Dadi Gunung Lanang kuwi *suatu tempat yang mempunyai energi yang sangat tinggi, mengapa dikatakan mempunyai energi yang sangat tinggi. Karena untuk meditasi, untuk doa, untuk laku-laku nang kono ki cepet untuk melakukan konsentrasi*. Papan kono kuwi bisa diarani papan sing angker, wingit, *bahwa itu mempunyai energi yang kuat*. Nek wong Jawa kuwi diarani papan kang sinengker utawa disengker.

Miturut andharan ingkang sampun kababar wonten ing nginggil, pramila saged dipunpendhet dudutanipun bilih upacara Ruwatan ingkang kalampahan ing Petilasan Gunung Lanang menika nggadhahi paedah spiritual. Paedah spiritual menika saged katitik saking gregetipun para warga masarakat panyengkuyung anggenipun nindakaken upacara kasebat kangge sarana nyenyuwun marang ngersaning Gusti supados pinaringan kawilujengan, katentreman lan kabagas warasan ing pagesanganipun. Kejawi saking menika ugi panyuwunan gampil anggenipun ngupadi sandhang boga lumantar berkahipun Petilasan Gunung Lanang kasebat sarta caos pakurmatan dhateng tumapaking warsa enggal Jawa.

2 Paedah Sosial

Paedah sosial mujudaken paedah ingkang wonten gayutipun kaliyan sesambetan ing antawisipun warga setunggal lan sanesipun. Ing upacara Ruwatan

menika saged dipunginakaken minangka *media interaksi* ing antawisipun warga. *Interaksi* ingkang dumados nalika ngawontenaken upacara kasebat saged ngraketaken pasedherekan utawi pasrawungan, kegotong-royongan lan kerukunan ing antawisipun warga masarakat.

Upacara Ruwatan menika minangka sarana ngindhakaken gegayutan *sosial* ing antawisipun warga. Wontenipun pagelaran ringgit purwa menika saged paring panglipur dhateng warga masarakat, saengga saged nuwuhaken *interaksi* warga masarakat nalika mirsani pagelaran ringgit. Sanesipun malih ugi katingal nalika kerja bakti utawi gotong-royong cecawis upacara Ruwatan ingkang dipuntindakaken dening warga padhukuhan Bayeman. Bab kasebat mratandhani menawi kerukunan, kegotong-royongan, pasrawungan menapa dene pasedherekaning warga Bayeman kasebat sae, boten mbeda-bedakaken *status sosial* lan ekonomi.

X :Pak, menawi paedah ingkang saged dipunpendhet wonten ing tradhisi menika menapa kemawon nggih?

Y :Oh iku iso paedah spiritual, paedah sosial, saged ugi paedah ekonomi Mbak.

X :Paedah ekonomi kaliyan sosial menika ingkang kadospundi Pak?

Y :Yen sing ekonomi kuwi kan warga enek sing dodolan pas acara ruwatan kui, nah iso kanggo nyukupi kebutuhan keluargane. Yen sing sosial kui yo ana hubungan karo warga liane soale tradhisi ruwatan kui sing melu seko daerah liya dadi iso ngraketake paseduluran, pasrawungan lan kerukunan

antar wargane terus karo para warga padha gotong-royong wiwit seka nyiapke cecawis tekan rampunge acara ruwatan.

Miturut babagan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun menawi lampahing upacara Ruwatan menika nggadhahi paedah sosial tumraping warga masarakat panyengkuyung. Paedah menika katitik saking gotong-royongipun warga nalika nindakaken upacara Ruwatan menika, sae saking cecawis upacara ngantos dumugi paripurnaning lampahipun upacara. Kejawi saking menika ugi saged ngindhakaken gegayutan sosial ing antawisipun warga, mila saged ngraketaken pasedherekan lan pasrawunganing warga.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken ngenani perkawis kajian tradhisi ruwatan wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo, pramila saged dipunpendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

1. Tradhisi Ruwatan ing Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika dipunadani wonten ing kompleks Petilasan Gunung Lanang lan kompleks Sumur Kencana.
2. Upacara Ruwatan ing Petilasan Gunung Lanang menika dipunadani saben taun sepindhah kaleres ing malem tanggal 1 sura. Wonten ing warsa 2019, tradhisi Ruwatan menika kalampahan ing dinten Setu Pon surya kaping 31 Agustus 2019 malem Minggu Wage surya kaping 1 September 2019. Prosesi tradhisi Ruwatan menika wonten tahapan kagiyatan inggih menika lampahing tradhisi Ruwatan. Lampahing tradhisi Ruwatan menika wujudipun Ruwatan ing Sumur Kencana, pinuwunan ing Petilasan Gunung Lanang.
3. Makna simbolik sesaji wonten ing salebeting upacara Ruwatan inggih menika.

1) Ingkung

Sesaji ingkang arupi ingkung menika awujud simbol patrapipun tiyang ingkang pasrah dhumateng ngarsanipun Gusti Allah, bab kasebat

saged katingal saking wujuding ingkung menika kados dene tiyang ingkang nembe sujud.

2) Tumpeng Robyong

Tumpeng Robyong menika minangka simbol kamakmuraning warga panyengkuyung. Bab kasebat saged dipuntingali saking wujuding tumpeng ingkang dipuniket. Ing pangajabipun, mugi-mugi para warga masarakat panyengkuyung tansah piningan berkah saking ngarsanipun Gusti awit paringipun kamakmuraning warga tuwin gampil anggenipun ngupadi sandhang boga. Tumpeng Robyok menika wonten ingkang pethak lan kuning.

3) Sekar Roncean

Sekar roncean ingkang awujud sekar mlathi, kanthil, kenanga menika minangka simbol kekajenganipun para warga panyengkuyung lumampahing upacara ruwatan supados tradhisi ingkang dipuntindakaken tansah lumampah kanthi gancar.

4) Arta Wajib

Sesaji ingkang awujud arta wajib menika biasanipun logam utawi dluwang, ancasipun minangka simbol kangge njangkepi sedaya sesaji ingkang dipuncawisaken. Jejangkep bilih anggenipun caos sesaji menika wonten ingkang kirang, supados saged tumbas piyambak.

5) Ndhas Maesa

Sajen ingkang wujudipun ndhas maesa menika arupi ndhas maesa ingkang dipunwadhahi migunakaken pengaron. Sesaji menika kapilih mawi ndhas Maesa amargi ngengingi saking blegripun maesa ingkang kiyat lan rosa. Wujud

sesaji menika minangka sarana nyimbolaken pangorbanan ingkang kiyat dhateng ngarsaning Pangeran.

4. Fungsi Ruwatan Spiritual bagi Masyarakat Panyengkuyung

A. Hiburan

Amargi papan upacara ruwatan wonten ing Gunung Lanang menika marginipun tumuju ing Gunung Lanang berkelok sekedhik lan ing sakeliling pinuju Gunung Lanang kawontenan saben-saben ingkang ijem-ijem sanget. Saengga ingkang *berkunjung* wonten Gunung Lanang menika saged nyaman.

B. Wisata

Gunung Lanang menika dados papan dipuntidakaken tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci, ing sakiwa tengenipun kawontenan Pantai Glagah kaliyan Bandhara YIA. Dados menawi badhe pinuju ing Gunung Lanang menika saged lewat ngajengipun Bandara YIA lan para pengunjung saged ugi wisata ing Pantai Glagah kangge ningali kaendahan Pantai menika.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nggadahi ancas kangge ngandharaken mula bukanipun ruwatan, prosesi lampahing ruwatan, sesaji nalika badhe nindakaken ruwatan, nilai filosofi, saha tanggapan masarakat panyengkuyung. Wontenipun upacara Ruwatan ingkang taksih dipuntindakaken ngantos dumugi ing wekdal menika sarta ngeewrat paedah tartamtu, mila saged dipuntrepaken ing pagesangan masarakat, mliginipun minangka kupiya nglestantunaken tradhisi.

C. Pamrayogi

Wontenipun upacara Ruwatan ingkang dipunadani ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo menika nggadhahi potensi wisata tumrap Kabupaten Kulon Progo. Panaliti mrayogekaken menawi wontenipun upacara Ruwatan menika perlu dipundamel buku, ing pangangkah saged dipundadosaken minangka sumbangan data kangge nambahi referensi babagan upacara tradhisi menika.

KAPUSTAKAN

- Achmad, Sri Wintala. (2017). *Asal-usul & Sejarah Orang Jawa*. Yogyakarta : Araska.
- Alwi, Hasan dkk. (2005). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Danandjaja, J. (1984). *Folklor Indonesia*. Jakarta : Grafiti Press.
- Depdiknas. (2008). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Endraswara, Suwardi. (2005). *Buku Pinter Budaya Jawa : Mutiara Adiluhung Orang Jawa*. Yogyakarta : Gelombang Pasang.
- <http://konsultasispiritual.co.id/index.php?halaman=galery>
- <https://gpswisataindonesia.wordpress.com/2016/08/20/mengenal-nasi-tumpeng/>
- https://id.m.wikipedia.org/wiki/Tumpeng_robbyong
- Kamajaya. (1992). *1 Sura Tahun Baru Jawa*. Yogyakarta : UP. Indonesia.
- Murniatmo, Gatut. (1986). *Folklor Lisan Dalam Kehidupan Orang Jawa*. Yogyakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Noto, Titis Bayu. (2013). *Upacara Tradhisi Suran Wonten Ing Petilasan Gunung Lanang Dhusun Bayeman Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo*. Yogyakarta: UNY.
- Rusdy Sri Tedy (2012). *Ruwatan Sukerta & Ki Timbul Hadiprayitno*. Jakarta : Yayasan Kertagama.
- Sujarno, Noor Sulistyobudi, S.H., Wahjudi (2013). *Upacara Adat*. Yogyakarta : Balai Pelestarian Nilai Budaya (BPNB)
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. (2011). *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta : PT Kanisius.
- Wahjudi Pantja Sunjata, Sujarno, Noor Sulistyobudi, S.H.,. (2013). *Upacara Adat*. Yogyakarta : Balai Pelestarian Nilai Budaya (BPNB).

LAMPIRAN

Catethan Lapangan Observasi (CLO 01)

Dinten/Tanggal : Senin Pahing, 23 Desember 2019

Wekdal : 10.00-11.30 WIB

Papan : Balai Desa Kecamatan Temon, sakiwa tengenipun
Gunung

Topik : Deskripsi Papan Lumampahing Upacara Ruwatan

1. Andharaning Papan Lumampahing Tradhisi Ruwatan

Desa Sindutan mujudaken salah satunggaling desa ingkang dumunung ing sisih kulon piyambak wewengkon kabupaten Kulon Progo. Desa Sindutan menika kalebet tlatah Kecamatan Temon, Kabuoaten Kulon Progo. Tebihipun saking pusat pemerintah kecamatan kirang langkung 3 km, dene saking pusat pemerintah kabupaten kirang langkung 12 km. Desa Sindutan menika wiyaripun 295. 4210 m², kanthi cacahing penduduk wonten 3.450 jiwa ingkang kaperang dados 1.360 piyantun jaler lan 1.487 piyantun estri sarta cacahing kertu keluarga wonten 856.

Wates wilayah Desa Sindutan inggih menika :

Sisih Ler : Desa Karang Wuluh

Sisih Kidul : Pantai Glagah


Sisih Kilen : Desa Jangkar lan wewengkon Provinsi Jawa Tengah

Sisih Wetan : Desa Palihan

Miturut cathetan *administratif*, Desa Sindutan mujudaken salah satunggaling Desa ing Kecamatan Temon ingkang kaperang dados 7 Dhusun,

inggih menika Dhusun Bayeman, Dhusun Glaheng, Dhusun Dhukuh, Dhusun Sindutan A, Dhusun Sindutan B, Dhusun Panginan, lan Dhusun Plempukan.

Ing ngandhap menika gambar peta Sindutan.



Petilasan Gunung Lanang menika awujud gumuk pasir kirang langkung wiyaripun 1 hektar ingkang dipunbangun trap-trapan pitung tingkatan. Wonten ing puseripun petilasan menika awujud tugu ingkang dipunsebat Sasana Sukma.

Tugu Sasana Sukma menika dipunubengi bangunan tembok *segi lima* majeng mangidul ingkang dipunsebat Sasana Indra.




Gambar 02. Sasana Suksma lan Sasana Indra (Dok. Wike)



Gambar 03. Petilasan Gunung Lanang (Dok. Wike)

Wonten ing komplek Sumur Kencana kaperang dados gangsal bangunan. Iring Ler piyambak kasebat bangunan Aula Sasana Jingga. Sakidulipun bangunan menika kasebat Sumur Kencana, ing papan menika wontenipun Jembatan Nawang Wulan ing sisih kidul Sumur Kencana, Jembatan Nawang Sih ing saleripun Sumur Kencana lan pitung bak toya ing sawingkingipun Sumur Kencana.

Wonten ing sakidulipun Sumur Kencana menika madeg bangunan Purna Graha utawi Graha Kencana. Wonten ing sangajengipun bangunan Purna Graha wonten bangunan ingkang dipunsebat Tugu Ajisaka. Tugu menika wujudipun kados dene wit ingkang ronipun sinerat aksara Jawa. Wondene bangunan ingkang iring kidul piyambak inggih menika Mushola Al-Amin. Ing ngandhap menika dhenah bangunan ing kompleks Sumur Kencana.



Keterangan :

- | | | |
|------------------------|---|--|
| 1. Kamar Mandi | 6. Sumur Kencono | 11. Paseban Tugu Ajisaka |
| 2. Gudang | 7. Jembatan Nawang Wulan | 13. Papan Padasan Kangge Siraman |
| 3. Aula Sasana Jingga | 8. Bangunan Purna Graha / Graha Kencana | 12. Plataran Papan Pagelaran Ringgit Purwa |
| 4. 7 Bak Toya | 9. Mushola Al - Amin | |
| 5. Jembatan Nawang Sih | 10. Wit Ringin | |

A. Paraga Tradhisi Ruwatan

Lumampahing tradhisi kasebat dipunsengkuyung dening para paraga tradhisi. Paraga tradhisi menika saking warga Desa Sindutan. Kangge mangertosi kawontenanipun para paraga tradhisi Ruwatan ing babagan kependudukan,

pakaryaning warga, tataran pendidikan menapa dene *komposisi pemeluk* agami badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kependudukan

Supados langkung cetha malih badhe kaandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 1. Komposisi penduduk miturut umur

Yuswa	Jaler	Estri
9 taun	2 tiyang	2 tiyang
11-20 taun	6 tiyang	9 tiyang
21-30 taun	12 tiyang	9 tiyang
31-40 taun	15 tiyang	20 tiyang
61-70 taun	7 tiyang	8 tiyang
Cacahipun	42 tiyang	48 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Data kependudukan ingkang mekaten menika saperlu kangge mangertosi kawontenaning para paraga tradhisi menawi dipuntingali saking golongan yuswanipun.

2. Pakaryanipun Penduduk

Kanthi adhedhasar *data* monografi Desa Sindutan tahun 2019, katitik pakaryanipun warga masarakat Desa Sindutan mawarni-warni jinisipun. Supados langkung cetha badhe kaandharaken kados wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 2. Pakaryanipun Penduduk

Jinising Pakaryan	Jaler	Estri
Petani	35 tiyang	16 tiyang
Nelayan	27 tiyang	-
TNI	5 tiyang	-
Pedagang	3 tiyang	5 tiyang
Cacahipun	70 tiyang	21 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Ngengingi dumunungipun penduduk Desa Sindutan wonten ing tlatah *pedesaan*, jumbuh kaliyan andharan tabel ing nginggil, katitik menawi saperangan ageng warga masarakat Desa Sindutan nggadhahi pakaryan minangka among tani. Pratelan menika saged katingal wonten ing salebeting tabel, menawi cacahipun tiyang ingkang pakaryanipun among tani ing Desa Sindutan langkung kathah piyambak.

3. Tataran Pendidikan

Kantheni adhedhasar *Data* Monografi Desa Sindutan taun 2019, tataran pendidikan masarakat Desa Sindutan saged katingal wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 3. Tataran Pendidikan Penduduk

Tataran Pendidikan	Jaler	Estri
SMP Sederajat	5 tiyang	4 tiyang
SMA Sederajat	9 tiyang	10 tiyang
SMK Sederajat	9 tiyang	5 tiyang
D-3/Sederajat	7 tiyang	10 tiyang
S-1/Sederajat	10 tiyang	12 tiyang
Cacahipun	40 tiyang	41 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Tahun 2019

Saking tabel ing nginggil saged dipunmangertosi menawi tingkat pendidikan masarakat Desa Sindutan kagolong sampun inggil.

4. Sistem Religi

Kantheni adhedhasar *data* monografi Desa Sindutan taun 2019, cacahing tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami saged katingal ing tabel ngandhap menika.

Tabel 4. Komposisi pemeluk agami

Agami	Jaler	Estri
Islam	30 tiyang	35 tiyang

Kristen	5 tiyang	5 tiyang
Katolik	6 Tiyang	-
Cacahipun	41 tiyang	40 tiyang

Sumber : Monografi Desa Sindutan Taun 2019

Miturut tabel ing nginggil, masarakat Desa Sindutan ingkang ngrasuk agami Islam cacahipun 65 tiyang, agami Kristen 10 tiyang saha agami Katholik 6 tiyang.

Cathetan Refleksi :

1. Desa Sindutan mujudaken salah satunggaling desa ing tlatah Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
2. Desa Sindutan kaperang dados 7 Dhusun, inggih menika Dhusun Bayeman, Dhusun Glaheng, Dhusun Dhukuh, Dhusun Sindutan A, Dhusun Sindutan B, Dhusun Panginan, lan Dhusun Plempukan.
3. Upacara Ruwatan menika dipunadani wonten ing Petilasan Gunung Lanang lan Komplek Sumur Kencana ingkang alamatipun wonten ing Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

Dinten/Tanggal : Selasa Pon, 24 Desember 2019
Wekdal : 10.00-11.00 WIB
Papan : Petilasan Gunung Lanang
Topik : Deskripsi Petilasan Gunung Lanang

1. Andharaning Petilasan Gunung Lanang

Ruwatan menika dipuntindakaken wonten ing kompleks Makam Gunung Lanang ingkang kasusun saking mapinten-pinten bangunan. Bangunan-bangunan ingkang madeg wonten ing kompleks Gunung Lanang menika dipunbangun dening Paguyuban Kadang Gunung Lanang ingkang *dipunprakarsai* dening Bapak Muhdi. Bangunan menika kadosta Mushola Al-Amin ingkang madeg ing sisih kidul kilen. Ing ngandhap menika gambar Mushola Al-Amin ingkang dipunginaaken kangge ngibadah.



Gambar 05. Mushola Al-Amin

Sumber Dokumentasi Wike

Ing saleripun Mushola Al-Amin menika madeg bangunan ingkang dipunwastani Graha Kencana. Ing ngandhap menika gambar Graha Kencana.



Gambar 06. Purna Graha/Graha Kencana

Sumber: Dokumentasi Wike

Ing sisih ler bangunan Graha Kencana menika wonten bangunan Tirta Kencana. Menika awujud sumur ing sakiwa tengenipun, kawontenan kalih padasan inggih menika Nawang Wulan kaliyan Nawang Sih. Ing ngandhap menika gambar Sumur Tirta Kencana.



Gambar 07. Tirta Kencana

Sumber Dokumentasi Wike

Wondene ing sangajengipun bangunan Tirta Kencana menika kawontenan Prasasti Tugu Aji Saka. Prasasti menika awujud *tiruan wit*. Ronipun kaserat mawi

aksara Jawa. Ing ngandhap menika gambar Prasasti Tugu Ajisaka ingkang awujud *tiruan* wit saha ronipun sinerat aksara Jawa.



Gambar 08. Prasasti Tugu Ajisaka

Sumber: Dokumentasi Wike

Saderengipun minggah wonten ing Makam Gunung Lanang sisih tengen dumunung bangunan ingkang dipunwastani Candi Wisuda Panitisan. Ing ngandhap menika gambar Candi Wisuda Panitisan.



Gambar 09. Candi Wisuda Panitisan

Sumber: Dokumentasi Wike

Sasampunipun Candi Wisuda Panitisan, menika lajeng menggok ing sisih tengen. Sakiwa tengenipun tuwuh wit-witan ingkang rungkut. Ing ngandhap menika gambar ingkang dipunpendhet saderengipun minggah Sasana Suksma.



Gambar 10. Margi saderengipun mlebet Sasana Suksma

Sumber : Dokumentasi Wike

Sasampunipun minggah menika wonten bangunan Astana Jingga, menika bangunan ing ngandhapipun Sasana Suksma. Ing Sasana Jingga kawontenan trap-trapan ingkang cacahipun ana pitu. Ing ngandhap menika gambar Astana Jingga.



Gambar 11. Astana Jingga

Sumber: Dokumentasi Wike

Salajengipun wonten Sasana Suksma. Bangunan menika ugi awujud trap-trapan ingkang cacahipun pitu. Papan menika dipunginaaken kangge papan semedi saha papan sajenipun. Papan menika awujud bunderan ingkang satengahipun madeg tugu ingkang pucukipun wonten sekar werni emas. Ing ngandhap menika gambar Sasana Suksma.



Gambar 12. Astana Suksma

Sumber: Dokumentasi Wike

Catethan Refleksi :

- 1) Ruwatan menika dipuntindakaken wonten ing kompleks Makam Gunung Lanang ingkang kasusun saking mapinten-pinten bangunan.
- 2) Bangunan-bangunan menika kadosta :
 - Mushola Al-Amin
 - Graha Kencana
 - Tirta Kencana : Nawang Wulan kaliyan Nawang Sih

- Prasasti Tugu Aji Saka
- Candi Wisuda Panitisan
- Astana Jingga, lan
- Sasana Suksma

Catethan Lapangan Observasi (CLO 03)

Dinten/Tanggal : Sabtu Pon, 31 Agustus 2019

Wekdal : 16.00-19.00 WIB

Papan : Kompleks Sumur Kencana

Topik : Cecawis Sesaji

Sesaji-sesaji menika dipundamel wonten dalemipun Bapak Sarkam ingkang dedunung ing Jangkar, Temon, Kulon Progo. Sesaji-sesaji ingkang dipundamel kangge upacara Ruwatan menika inggih menika sajen ruwatan, lan sajen wayang.

1) Sajen Ruwatan

Sesaji ruwatan wonten ing tradhisi menika wujudipun ingkung, tumpeng robyong wernipun pethak saha kuning, endhas kebo, kebo bule, sekar roncean kados mlathi, kantil, mawar dupa ratus. Sanesipun malih ugi wonten arta logam biasanipun ganjil utawi *seribuan*, gunung kadosta jejanganan, woh-wohan.

a. Inggung

Sesaji ruwatan ingkang awujud ingkung menika anggenipun damel migunaaken sawung wutuhan ingkang dipuntaleni ngagem rafia. Bumbu-bumbu ingkung menika kadosta brambang, bawang, kunir, tumbar, miri, mrica, laos, gendhis Jawi, sareng, lan santen klapa. Sasampunipun sawung kalawau dipuntaleni, bumbu-bumbu menika dipunulek lan dipungongso sarta dipunsukani santen klapa. Sasampunipun santen klapa umep, lajeng sawung kalawau dipunlebetaken ngantos dagingipun empuk.



Gambar 13. Ingkung

Sumber: Dokumentasi Wike

b. Sekar Roncean

Sekar roncean menika wujudipun sekar mlathi, kanthil, kenanga, saha mawar. Sekar-sekar menika minangka rajaning sekar. Wujudipun sesaji menika kasebat ugi sekar setaman. Sekar menika namung tumbas wonten ing peken kemawon lajeng dipuntata wonten ing salebeting sajen ruwatan menapa dene sajen wayang.



Gambar 14. Sekar Setaman

Sumber: Dokumentasi Wike

c. Tumpeng Robyong Pethak lan Kuning

Tumpeng Robyong ingkang kadamel kanthi werni pethak lan kuning menika ancasipun kangge simbol kemawon, werni pethak minangka simbol kesucian, dene werni kuning minangka simbol raos sukur kita dhateng ngarsaning pengeran.

Tumbeng Robyong menika bahanipun beras, lajeng ingkang tumpeng Robyong kuning diputambahi kunir, ron salam, sarem, lan santen klapa. Anggenipun damel tumpeng Robyong pethak menika, beras dipupususi lajeng dipundang ngantos mateng. Sasampunipun sampun mateng, lajeng dipuncithak migunaaken kukusan kerucut saking anyaman bambu menika. Wonten ing tumpeng pethak menika dipuntatani tigang godhong saubengipun tumpeng, lajeng ing pucukipun dipuntancepi lombok abrit, brambang, kaliyan bawang. Ing ngandhap menika wujudipun Tumpeng Robyong Pethak.



Sumber: <https://gpswisataindonesia.wordpress.com>

Wondene anggenipun damel tumpeng Robyong kuning menika beras dipunpususi lajeng dipunsukani toya parutan kunir, sarem, ron salam, saha santen klapa. Lajeng dipundang ngantos mateng. Sasampunipun mateng kanthi warni kuning, lajeng dipuncithak migunaaken kukusan ingkang awujud kerucut. Wujuding Tumpeng Robyong kuning kados ing gambar ngandhap menika.



Sumber: https://id.m.wikipedia.org/wiki/Tumpeng_robyong

d. Wowohan

Sesaji ingkang dipunsebat wowohan menika wujudipun maneka warni wowohan ingkang wonten kadosta pisang, sawo, salak, pelem, blimbing, lan sanesipun. Maneka warni wowohan menika namung tumbas wonten ing peken kemawon lajeng dipuntata setunggal mbaka setunggal ing salebeting wadhah.

Wujuding sesaji arupa wowohan kados ing ngandhap menika.



Sumber: <http://konsultasispiritual.co.id>

e. Ndhas Maesa

Sajen ingkang wujudipun ndhas maesa menika arupi ndhas maesa ingkang dipunwadhahi migunakaken pengaron. Sajen menika namung tumbas kemawon, ateges boten mragat Maesa piyambak, dados namung tumbas ndhas maesanipun kemawon. Wujud sesaji menika minangka sarana nyimbolaken pangorbanan

ingkang kiyat dhateng ngarsaning Pangeran, mila kapilih migunakaken ndhas Maesa, ing pangangkah supados wujud pangorbanan kalawau saged kiyat kados dene kekiyatanipun Maesa.

Wujuding sesaji Ndhas Maesa kadosta ing ngandhap menika.



Gambar 15. Ndhas Maesa

Sumber: Dokumentasi Wike

f. Arta Logam

Arta wajib menika mujudaken salah satunggaling rerangken sesaji ingkang kalebet ing pisang sanggan. Arta wajib menika biasanipun arta ingkang awujud logam ingkang ganjil utawi seribuan. Menika namung kangge jangkeping sesaji kemawon. Arta wajib menika dipunpapakaken dados setunggal kaliyan rerangken sekar setaman.

Arta wajib menika nggadahi makna kangge njangkepi sesaji, bilih anggenipun nyawisaken sesaji menika wonten ingkang kirang utawi boten pepak supados kangge jangkepi sarana tumbas piyambak.

2) Sajen Wayang

Sajen wayang wonten ing upacara Ruwatan menika wujudipun inggih menika gedhang sanggan, tumpeng robyong, sekar setaman lan tenongan. Sedaya sajen wayang menika dipunpapanaken wonten ing panggung wayang ingkang leresipun ing sakiwanipun papan palenggahanipun dhalang. Sajen wayang ingkang awujud pisang sanggan, tumpeng robyong, lan sekar setaman menikasami kaliyan wonten ing sajen ruwatan ingkang sampun kaandharaken wonten ing nginggil. Sajen ingkang sinebat tenongan menika wujudipun jajanan pasar (nagasari, ondhe-ondhe, apem, jenang lot, jadah, wajik, lemper lajeng wonten ayam panggang, jenang abrit, jenang pethak, gendhis jawi, tigan ayam kampung. Sajen tenongan ingkang wujudipun jajanan pasar menika namung tumbas wonten peken kemawon, dados menika boten damel piyambak. Sajen tenongan ingkang damel piyambak inggih menika ayam panggang, jenang abrit, jenang pethak.

Catethan Refleksi :

1. Sesaji ruwatan taun 2019 menika dipundamel wonten dalemipun Bapak Sarkam ingkang alamatipun wonten ing Jangkaran, Temon, Kulon Progo.
2. Sesaji tradhisi Ruwatan menika kaperang dados sajen ruwatan lan sajen wayang.
3. Sajen Ruwatan wujudipun ingkung, sekar roncean, tumpeng robyong werni pethak lan kuning, wowohan, ndhas maesa, lan arta logam.
4. Sajen wayang wujudipun gedhang sanggan, tumpeng robyong, sekar setaman lan tenongan.

Catethan Lapangan Observasi (CLO 04)

Dinten/Tanggal : Setu Pon, 31 Agustus 2019

Wekdal : 21.00-22.00 WIB

Papan : Sumur Kencana

Topik : Prosesi Ruwatan

Wonten ing dinten Setu Pon, surya kaping 31 Agustus 2019 ing Sumur Kencana dipunadani ruwatan. Ruwatan wonten ing sasi Sura tahun 2019 menika temanipun “Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci”. Ruwatan menika asipat umum, dadosipun sinten kemawon ingkang badhe nderek ruwatan kasuwun ndaftar wonten ing PKGL. Pasarta ruwatan menika boten dipunsuwuni biaya, namung dipunkedahaken bekta kain pethak polos utawi jarit ingkang saperlu kangge gantos rasukan nalika siraman. Saderengipun ruwatan dipunwiwiti, para pasarta dipunwajibaken ndedonga langkung rumiyin, ingkang ngrasuk agami Islam dipunwajibaken maos Surat Al-Fatihah kaping 7, waosanipun kados ing ngandhap menika.

Bismillaahir Rahmaanir Rahiim.

Alhamdulillah Rabbil ‘aalamin. Ar Rahmaanir Rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na’budu wa iyaaka nasta’iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an’amta ‘alaihim ghairil maghdhuubi ‘alaihim wa ladh dhaalliin.

Salajengipun maos Surat Yassin kaping 7 kados ing ngandhap menika.

Bismillaahir Rahmaanir Rahiim.

Yaasiin. Wal Qur-aanil hakiim. In-naka lamine mursaliin. ‘Alaa shiraathim mustaqiim. Tanziilal ‘aziizir rahiim. Latundzira qaumam maa undzira aabaa-uhum fahum ghaafiluun. Laqad haqqal qaula ‘alaa aktsarihim fahum laa yu’minuun. In-naa ja’alnaa fii a’naaqihim aghlaalaan fahiya ilal adzqaani fahum

muqmahuun. *Wa ja'alnaa mim baini aidiihim sad-daw wa minkhalfihim sad -dan fa-agh-syainaahum fahum laayub-shiruun. Wa sawaa-un 'alaihim a-andzartahuum am lam tun-dzirhum laa yu -minuun. In-namaa tundziru manittaba'adz-dzikra wa khasyiyarrahmaana bil ghaibi fabasy-syirhu bimaghfiratin wa ajrin kariim. In-naa nahnu nuhyil mautaa wa naktubu maa qad-damuu wa aatsaarahum wa kulla syai-in ah-shainaahu fii imaamim mibiin. Wadhrib lahum matsalan ash-haabal qaryah, idz-jaa-ahal mursaluun. Idz arsalnaa ilaihimuts naini fakadz-dzabuuhumaa fa'azzaznaa bitsaalitsin faqaaluu in-naa ilaikum mursaluun. Qaalu in-naa tathay-yarnaa bikum la-il lam tan-tahuu lanarjuman -nakum wa layamas-san-nakum min-naa 'adzaabun aliim. Qaalu thaa-irukum ma'akum a-in dzuk-kirtum bal antum qaumum musrifuun. Wa jaa-a min aqshal madiinati rajuluy yas'aa qaala yaa qaumit-tabi'ul mursaliin. Ittabi'uu mal laa yas-alukum ajraw wahum muhtaduun. Wa maa liya laa a'budul-ladzii fatharanii wa ilaihi turja'un. A-attakhidzu min duunihii aalihatan iy-yuridnir-rahmaan bidhuril laa tughni 'an -nii syafa 'atuhum syai-aw-wa laa yunqidzuun. In-nii idzal lafii dhalaalim mubiin. In-nii aamantu birabbikum fasma'uun. Qiilad-khulil jan-nah, qaala yaalaita qaumii ya'lamuun. Bimaa ghafara lii rabbi wa ja'alanii minal mukramiin. Wa maa anzalnaa 'alaa qaumihii mim ba'dihii min jundim minas samaa-i wa maa kun-naa munziliin. In kaanat illaa shaihataw waahidatan fa idzaahum khaamiduun. Yaa hasratan 'alal 'ibaadi maa ya-tiihim mir-rasuulin illa kaanuu bihii yastahzi-uun. Alam yarau kam ahlaknaa qablahum minalquruuni an-nahum ilaihim laa yarji'uun. Wa in kullul lammaa jamii'ul ladainaa muhdharuun. Wa aayatul lahumul ardhul maitatu, ahsyainaahaa wa akhrajnaa minhaa habban fa minhu ya-ku-luun. Wa ja'alnaa fiihaa jan-naatim min nakhiiliw wa a'naabiw wa fajjarnaa fiiha minal'ayuuun. Liya-kuluu min tsamarihii wa maa 'amilat-hu aidiihim, afaalaa yasy-kuruun. Subhaanal ladzii khalaqal azwaaja kullahaa mim-maa tumbitul ardhu wa min anfusihim wa mim-maa laa ya'lamuun. Wa aayatul lahumul lailu naslakhu minhun nhaarafa idzaahum muzh -limuun. Wasy -syamsu tajrii limustaqarril laha, dzaalika taqdiirul 'aziizil 'alim. Wal qamara qad-darnaahu manaazila hatta 'aadakal'urjuunil qadiim. Lasy syamsu yambaghii lahaa an tudrikal qamara walal lailu saabiqun nahaar, wa kullun fii falakiy yas-bahuun. Wa aayatul lahum an -naa hamalnaa dzurriy-yata -hum filfulkil masyhuun. Wa khalaqnaa lahum mim mits-lihii*

maa yarka-buun. Wa in-nasya-nughriqhum falaa shariikha-lahum walaa hum
 yunqadzuun. Illaa rahmatam min-naa wa mataa'an ilaa hiin. Wa idzaa qiila
 lahumutttaquu maa baina aidiikum wamaa khalfakum la'allakum turhamuun. Wa
 maa ta-tiihim min aayatim min aayaati rabbihim illaa kaanuu 'anhaa mu'ridhiin. Wa
 idzaa qiila lahum anfiqum mimmaa razaqaku-mullaahu, qaalal-ladziina kafaruu
 lilladziina aama -nuu, anuth'imu mallau yasyaa-ullahu ath'amahuu, in antum illaa fii
 dhalaalim mubiin. Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du inkuntum shaadiqiin. Maa
 yanzhuruuna illaa shaiyata waahidatan takhidzukum wa hum yakhish-shimuun.
 Falaa yastathii-'uuna taushiyata walaa ilaa ahlihim yarji'uun. Wa nufikha fish-
 shuuri fa idzaa hum minal ajdaatsilaa rabbihim yansiluun. Qaaluu yaawailanaa mam
 ba'atsanaa mim marqa-dinaa, haadzaa maa wa'adar rahmaanuu wa shadaqal
 mursaluun. In kaanat illaa shaiyata waahidatan fa idzaahum jamii'ul ladainaa
 muhdaruun. In -na ash-haabal jan-natil yauma fii syughulin faakihuun. Hum wa
 azwaajuhum fii zhilaatin 'alal-araa-iki muttaki-un. Lahum fiihaa faakhataw wa
 lahum maa yadda-'uun. Salaam, qaulam mir rabbir rahiim. Wamtaazul yauma
 ayyuhal mujrimuun. Alam a'had ilaikum yaabanii aadama al-laa ta'bu-dusy
 syaithaana, in-nahuu lakum 'aduwwum mubiin. Wa ani'buduunii, haadzaa
 shiraathum mustaqiim. Wa laqad adhalla minkum jibillan katsiira, afalam takuunuu
 ta'qiluun. Haadzihi jahan-namul latii kuntum tuu'aduun. Ishlauhal yauma bima
 kuntum takfuruun. Alyauma nakhtimu 'alaa afwaahihim wa tukal-limu-naa
 aidihiim wa tasyadu arjuluhum bimaakaanuuyaksibuun. Wa lau nasyaa-u
 lathamasnaa 'alaa a'yunihiim fas-tabaqush-shiratha fa-an naa yubshiruun. Wa
 lau nasyaa-u lamasakh-naahum 'alaa makaanatihiim famastathaa'uu mudhiyyaw
 wa laa yarji'uun. wa man nu'ammirhu nunak-kis-hu filkhalqi, afalaa ya'qiluun.
 Wa maa 'alamnaahusy-syi'ra wa maa yambaghiilah, in huwa illa dzikruw wa
 qur-aanum mubiin. Liyundzira man kaana hayyaw wa yahiqqal qaulu 'alal
 kaafiriin. Awalam yarau an-naa khalaqnaa lahum mimmaa 'amilat aidiinaa
 an'aaman fahum lahaa maalikuun. Wa dzallalnaahaa lahum faminhaa
 rakuubuhum wa minhaa ya-kuluun. Wa lahum fiihaa manaafi'u wa masyaarib,
 afalaa yasykuruun. Wattakhadzuu min duunillaahi aalihatal la'allahum
 yunsharuun. Laa yastathii-'uuna nashrahum, wahum lahum jun-dum muhdaruun.
 Falaa yahzunka qaluhum in-naa na'lamu ma yusirruuna wa maa yu'linuun.

Awalam yaral insaanu an-naa khalaqnaahu min nith-fatin fa-idzaa huwa khashiimum mubiin. Wa dharaba lanaa matsalaw wa nasiya khalqah, qaala may yuhyil 'izhaama wahiya ramiim. Qul yuhyiihal ladzii ansya-ahaa aw- wala marrah, wahuwa bikulli khalqin'aliim. Alladzii ja'ala lakum minasy syajartil akhdhari naar-an faidzaa antum minhu tuuqiduun. Awalaisal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha biqaadirin 'alaaa ay-yakhluka mintsalahum balaa, wa huwal khallaaqul 'aliim. In-namaa amruhuu idzaa araada syai-an ay-yaquu-lalahuu kun fayakuun. Fasubhaanal ladzii biyadihi malakuutu kulli syaiiw-wa ilaihi turja'uun.

Sarta maos Zikir kaping 7 ugi kados ing ngandhap menika.

Subhanallah

Alhamdulillah

Allahuakbar

Wondene ingkang ngrasuk agami Nasrani dipunwajibaken maos Rosario kaping 7, kados ing ngandhap menika.

Demi Nama Bapa, dan Putera, dan Roh Kudus, Amin.

Aku percaya.... Kemuliaan.... Bapa kami....

Salam, puteri Allah Bapa – Salam Maria...

Salam, bunda Allah Bapa – Salam Maria...

Salam, mempelai Allah Roh Kudus – Salam Maria... Kemuliaan

Peristiwa 1. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 2. Bapa kami, Salam Maria (10 kali)

Peristiwa 3. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 4. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 5. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa 6. Bapa kami, Salam Maria (10 kali), Kemuliaan

Peristiwa-peristiwa Rosario :

Peristiwa Gembira

1. Maria menerima kabar gembira dari malaikat Gabriel. (Luk 1:35-38)

2. Maria mengunjungi Elisabet, saudaranya. (Luk 1:40-42)

3. *Yesus dilahirkan di kandang Bathelem. (Luk 2: 10-12)*
4. *Yesus dipersembahkan dalam Bait Allah (Luk 2:22-34)*
5. *Yesus ditemukan dalam Bait Allah (Luk 2:46-48)*
1. *Yesus dibaptis di sungai Yordan (Mat :316-17)*
2. *Yesus menyatakan diri-Nya dalam pernikahan di Kana (Yoh 2:11)*
3. *Yesus memberitakan Kerajaan Allah dan menyerukan pertobatan (Mat 4:17,23)*
4. *Yesus menampakan kemuliaan-Nya (Mat 17:2,5)*
5. *Yesus menetapkan Ekaristi (Mrk 14:22-24)*
6. *Yesus berdoa kepada Bapa-Nya dalam sakrat maut (Luk 22:39-42)*
7. *Yesus didera (Mat 27:24-26)*
8. *Yesus dimahkotai duri (Mat 27:29-30)*
9. *Yesus memanggul salib-Nya ke gunung Kalvari (Yoh 19:17-18)*
10. *Yesus wafat di salib (Luk 23:44-46)*

Peristiwa Mulia

6. *Yesus bangkit dari antara orang-orang mati (Luk 24:1-5)*
7. *Yesus naik ke surga (Luk 24:50-52)*
8. *Roh Kudus turun atas para rasul (Kis 2:1-4)*
9. *Maria diangkat ke surga (Why 12:1)*
10. *Maria dimahkotai di surga (Luk 1:56-47)*

Doa Bapa Kami :

Bapa kami yang ada di surga, dimuliakanlah namaMu. Datanglah kerajaanMu. Jadilah kehendakMu di atas bumi seperti didalam surga. Berilah kami rejeki pada hari ini, dan ampunilah kesalahan kami, seperti kamipun mengampuni yang bersalah kepada kami. Dan janganlah masukkan kami ke dalam percobaan, tetapi bebaskanlah kami dari yang jahat. Karena Engkau lah yang memiliki kerajaan dan kuasa dan kemuliaan sampai selama-lamanya. Amin.

Catatan Refleksi :

- 1) Ruwatan wonten ing wulan Sura tahun 2019 menika temanipun “Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci”. Saderengipun ruwatan dipunwiwiti, para pasarta dipunwajibaken ndedonga langkung rumiyin.
- 2) Ingkang ngrasuk agami Islam dipunwajibaken maos Surat Al-Fatihah kaping 7, Surat Yassin kaping 7 saha dzikir kaping 7. Ingkang ngrasuk agami Nasrani dipunwajibaken maos Rosario kaping 7 lan Doa Bapa Kami.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 01

(CLW 01)

1. *Data Informan*

Nama : Suwasono

Yuswa : 65 Taun

Alamat : Dhusun Bayeman, Temon, Kulon Progo

2. Dinten/Tanggal : Senin Paing, 23 Desember 2019

3. Katrangan

X : Wike

Y : Suwasono

X : Sugeng siyang, Pak.

Y : Nggih, sugeng siyang ugi mbak. Kadospundi?

X : Niki kula Wike saking UNY Jurusan Pendidikan Basa Jawi badhe nyuwun pirsane kala wingi Ruwatan ing Gunung Lanang dipunadani tanggal dinten nggih pak?

Y : Wingi setu pon tanggal 31 Agustus 2019 utawa malem minggu wage tanggal 1 September 2019.

X : Kadospundi nggih Pak asal-usul saking Petilasan Gunung Lanang menika?

Y : Gunung Lanang kuwi sejatine Petilasan Adipati Anom putra Sunan Mangku Rat I. Adipati Anom sing *bersekutu* karo Belanda. Mataram Hadiningrat sing nang Pleret kuwi runtuh amarga *pemberontakan* gedhe

sing dipimpin karo putra Adipati Cakraningrat ana nang Madura, Trunojoyo. *Runtuhipun* Keraton Mataram ana ing Pleret kuwi *memaksa* Sunan Mangku Rat I *melarikan diri* nang sisih kulon karo putra Pangeran.

X :Lha kening menapa dipunsebat Gunung Lanang Pak?

Y : Papan kuwi petilasan Adipati Anom putrane Sunan Mangku Rat I sing ngaso ana ing Gunung Lanang.

X :Dados Gunung Lanang menika mujudaken papan kangge ngaso nggih Pak?

Y :Ho.o biyen jaman Mataram Kuno iki. *Tapi pada waktu dulunya* sing jenenge Gunung Lanang, nek Jogja ro Solo duwe Parangtritis ro Parangkusuma, Mataram Hindhu utawa Mataram Kuno duwe tempat pemujaan kaya dene Gunung Lanang.

X :Kening menapa Pak kok ritualipun dipunadani wonten ing Gunung Lanang?

Y :Dadi Gunung Lanang kuwi suatu tempat yang mempunyai energi yang sangat tinggi, mengapa dikatakan mempunyai energi yang sangat tinggi. Karena untuk meditasi, untuk doa, untuk laku-laku nang kono ki cepet untuk melakukan konsentrasi. Papan kono kuwi bisa diarani papan sing angker, wingit, bahwa itu mempunyai energi yang kuat. Nek wong Jawa kuwi diarani papan kang sinengker utawa disengker.

X :Lajeng ing Sumur Kencana menika dipunadani ruwatan nggih Pak. Menika Ruwaatan menapa Pak?

- Y :Ruwatan iki dijenengi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci. Ruwatan iku kanggo membersihkani diri karo di dampingi sesepuh PKGL.
- X :Kenging menapa ruwatan menika dipunsukani nama Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci?
- Y :Yo kuwi ora ngerti arep dijenengi apa, sapa-sapa rangerti. Kuwi mung lumantar basa dhawuh istilahe, kang ditampa Pak Muhdi.
- X :Ruwatan menika kalawau kok dipunadani ing Sumur Kencana kenging menapa Pak?
- Y :Lha itu miturut kepercayaan kita bahwa sumur Kencana kuwi karomah toyane apik kanggo sesuci, istilahe kanggo ngruwat.
- X :Nalika ruwatan menika tata caranipun kados pundi Pak?
- Y :Kan kae ngguyur awake dhewe, ngguyur dirinya, itu 7 cidhuk untuk jembatan Nawang Sih dan 7 cidhuk untuk Jembatan Nawang Wulan terus sing bak mburi kae 1 cidhuk, terus bar kuwi ngenteke 1 kendhi lan 1 padasan.
- X :Lha nalika ruwatan menika menapa wonten ingkang kedah dipunwaos menapa boten pak ?
- Y :Ora ana, lha nek sing diruwat kuwi, nek sing Kristen *mendoakan* Bapa Kami, nek sing Islam maca Al-Fatihah *secara masing-masing* ora diwacake.
- X :Sasampunipun menika, sami minggah wonten ing Gunung Lanang. Menawi sampun dumugi Gunung lanang, sami ngubengi puser. Tata caranipun menika kados pundi nggih Pak?

- Y : Itu kan terdiri dari 7 tingkatan, masing-masing tingkatan itu menggambarkan kehidupan duniawi kita, yang akhirnya memuncak nang nggon tugu segi lima kae, segi lima kae tegese ngedohi larangan mo limo.
- X : Nalika ndonga, ndonganipun kados pundi nggih Pak?
- Y : Mereka ndonga secara khusyuk, ndonga menurut keyakinanane dhewe-dhewe.
- X : Oalah ngoten. Pak samenika badhe nyuwun pirsabab sesaji nggih Pak. Nalika sampun dumugi ing Gunung Lanang, ingkang sepisan menika nyawisaken sesaji menapa nggih Pak?
- Y : Lha kae pisang sanggan, kuwi dipasang sepisanan karena pisang sanggan itu kepercayaan kami adalah sesaji pokok yang merupakan simbol kekuatan melakukan semua rencana dan semua acara yang akan dilaksanakan. Kuwi sarat dinggo menemukan utawa menentukan kembali kekuatan-kekuatan supaya mendapatkan dukungan dari Allah sendiri supaya disangga kang wujud gedhang sanggan.
- X : Wonten ugi sesaji Tumpeng Robyong nggih Pak. Tumpeng Robyong menika menapa Pak?
- Y : Nek tumpeng robyong kuwi nggambarke kemakmuran, dadi rejekine ben akeh, nek tani yo hasile ben akeh saengga katon robyong-robyong, mulane tumpenge kae lak dicantheli sayur-sayuran. *Mewujudkan kemakmuran utawa kesejahteraan.*
- X : Menawi tumpeng pethak menika menapa Pak?

- Y :Yen tumpeng putih kuwi lak tumpeng sing warnane putih polos, dadi kuwi nyimbulke niat sing suci kaya putihe sega mau, niat sing suci ngabdi marang pengerane.
- X :Lajeng menawi tumpeng kuning menika Pak?
- Y :Yen tumpeng kuning kuwi wujud syukur marang pangeran.
- X :Lajeng wonten ugi ingkung. Menika menapa nggih Pak?
- Y :Kuwi wujud kita manekung nanggone pengeran, dadi kuwi suatu kesatuan hati yang telah rela dan ikhlas sampai tuntas hidupnya manekung utawa mengabdi pada Allah.
- X :Pak, menawi paedah ingkang saged dipunpendhet wonten ing tradhisi menika menapa kemawon nggih?
- Y :Oh iku iso paedah spiritual, paedah sosial, saged ugi paedah ekonomi Mbak.
- X :Paedah ekonomi kaliyan sosial menika ingkang kadospundi Pak?
- Y :Yen sing ekonomi kuwi kan warga enek sing dodolan pas acara ruwatan kui, nah iso kanggo nyukupi kebutuhan keluargane. Yen sing sosial kui yo ana hubungan karo warga liane soale tradhisi ruwatan kui sing melu seko daerah liya dadi iso ngraketake paseduluran, pasrawungan lan kerukunan antar wargane.
- X :Nggih kula kinten cekap Pak anggenipun nyuwun pirsu bab ruwatan menika. Matur nuwun awit wekdalipun bapak. Nyuwun pangapunten sampun ngganggu ngaten kemawon, Pak. Kula nyuwun pamit.

Y :Nggih mbak muga-muga saged sekedhik nambah pasinaon saking mbake anggenipun ngudi babagan kabudayan.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 02

(CLW 02)

1. *Data Informan*

Nama : Muhdi

Yuswa : 64 Taun

Alamat : Dhusun Bayeman, Temon, Kulon Progo

2. Dinten/Tanggal : Senin Paing, 23 Desember 2019

3. Katrangan

X : Wike

Y : Muhdi

X : Nyuwun sewu Pak, badhe nyuwun pirsu bab ruwatan ing Gunung Lanang kalawingi dipunadani tanggal dinten nggih Pak?

Y : Tanggal 31 Agustus 2019 Mbak. Berarti malem 1 sura dinten minggu wage tanggal 1 September 2019.

X : Menawi taun Jawanipun dinten Pak?

Y : 1953

X : Lajeng wonten ing Gunung Lanang menika upacaraipun menapa Pak?

Y : Tekan saiki upacara ruwatan. Taun iki dijenengi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci.

X : Lha temanipun gantos-gantos nggih Pak. Lajeng ingkang taun-taun kalawingi temanipun menapa Pak?

- Y :Ya dulu itu ruwatan murwakala pernah, terus ruwat bumi pernah, terus tema mangasah mingising budi pernah, ruwatan laku suci kinarya jati pernah, ruwatan pribadhi waluya jati pernah. Jadi macem-macem lah. Dadi tema ruwatan kuwi dijumbuhaken kaliyan kahanan utawa kawontenan jaman.
- X :Kenging menapa kok temanipun gantos-gantos Pak?
- Y :Lha itu istilahnya kan sesuai dhawuhnya gitu, dadi dhawuhe apa kita manut aja.
- X :Kenging menapa Pak kok ruwatan menika dipunadani wonten ing Gunung Lanang?
- Y :Ya karena Gunung Lanang itu adalah suatu tempat yang disucikan oleh Allah, bukan disucikan oleh manusia. Sekarang kan banyak tempat yang disucikan oleh manusia, katakanlah kaya Masjid, Gereja, tapi kalau Gunung Lanang itu pilihan Allah sendiri dan itu merupakan tempat yang baik untuk melakukan meditasi.
- X : Lha asal-usulipun saking Gunung Lanang menika kados pundi pak?
- Y :Gunung Lanang kuwi sejatine Petilasan Adipati Anom putra Sunan Mangku Rat I. Adipati Anom sing *bersekutu* karo Belanda. Mataram Hadiningrat sing nang Pleret kuwi runtuh amarga *pemberontakan* gedhe sing dipimpin karo putra Adipati Cakraningrat ana nang Madura, Trunojoyo. *Runtuhipun* Keraton Mataram ana ing Pleret kuwi *memaksa* Sunan Mangku Rat I *melarikan diri* nang sisih kulon karo putra Pangeran. Terus Adipati anom ngaso antarane 3 dina nang Gunung Lanang.

- X :Lajeng lampahing ruwatan menika kados pundi Pak?
- Y :Lampahe ya kemarin itu peserta disuruh untuk siram ditempat yang sudah dipersiapkan di area Sumur itu, setelah itu terus malamnya jam 12-an itu kita naik ke petilasan untuk pinuwunan, bar itu yo nonton wayang semalem suntuk.
- X :Pak wonten ing sesaji ruwatan menika kawontenan Tumpeng Robyomg. Tumpeng Robyong menika menapa nggih Pak?
- Y :Tumpeng robyong itu ya tumpeng nasi putih terus pinggirie dikelilingi sayuran-sayuran rebus, tapi tidak pake bumbu lajeng dipunsukani ndog godhog lan pucuke tumpeng biasane disukani Lombok abrit.
- X :Lha sayuranipun menapa kemawon Pak?
- Y :Sayurane ya bayem, kangkung, lanjaran terus wonten cambah, wortel, lan liyan-liyane digodhog.
- X :Menawi damel tumpeng pethak menika kados pundi Pak?
- Y :Nek tumpeng putih itu ya mung sekul putih biasa digawe tumpeng, kemarin itu tumpenge putih terus dikelilingi telur godhog.
- X :Lajeng menawi tumpeng kuning kados pundi Pak?
- Y :Tumpeng kuning iku ngliwet beras kaya biasa itu, ning dikasih toya peresan kunir, uyah, salam. Terus kemarin itu dikasih lawuhan kering kenthang, abon, ayam goreng, bergedel, ndog dadar, ndog godhog dan lalapan timun sama tomat.
- X :Pak menawi pisang sanggan menika menapa nggih?

- Y :Itu pisang setangkep yang menyimbulkan bahwa seperti tangan kita nyadhong pada Allah. Itu merupakan sesaji pokok untuk mbukaki nek menurut kepercayaan kita.
- X :Lajeng menawi kembang setaman menika menapa Pak?
- Y :Kalau kembang setaman itu dilambangkan sebagai cipta, kuasa, wenang. Harapan semoga semerbak seperti baunya bunga itu.
- X :Menawi ingkung Pak?
- Y : Inkung itu sebagai pengorbanan.
- X :Miturut Bapak kawontenan tradhisi ruwatan menika mupangatipun menapa?
- Y :Satu kalau yang namanya ruwatan itu, masarakat yang ikut pada dibersihkan, dalam arti bersih dari gangguan-gangguan. Untuk masarakat lain, adanya hiburan untuk menghibur masarakat. Selain itu, disitu juga banyak orang berjualan, dari segi ekonomi untuk memberi harapan penghasilan dan juga untuk melestarikan budaya, menghormat adanya tahun baru Jawa dengan maksud memohon pertolongan dan apa saja untuk tahun yang akan dilalui kedepan serta berterima kasih.
- X :Nggih matur nuwun, Pak. Nyuwun pangapunten sampun ngganggu wekdalipun bapak.
- Y :Boten napa-napa. Kula remen kok mbak nek wonten kados ngaten niki. Generasi muda mau menggali, mencari kemudian menemukan, nika kula seneng.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 03

(CLW 03)

1. *Data Informan*

Nama : Siti Winarsih

Yuswa : 40 Taun

Alamat : Dhusun Palihan, Temon, Kulon Progo

2. Dinten/Tanggal : Selasa Pon, 24 Desember 2019

3. Katrangan

X : Wike

Y : Siti Winarsih

X : Nyuwun pangapunten Mbak. Badhe nyuwun pirsu, ruwatan kalawingi dipunadani tanggal pinten nggih?

Y : Niku diadani tanggal 29 Agustus 2019 Mbak, malem tanggal 1 Sura.

X : Lha menawi taun Jawanipun pinten Mbak?

Y : 1953.

X : Kados pundi Mbak asal-usulipun Petilasan Gunung Lanang menika?

Y : Sebenarnya Gunung Lanang itu petilasan Adipati Anom yang menetap di Gunung Lanang saat perjalanan dari Banyumas/Cilacap/

X : Ruwatan menika dipunadani wonten ing Gunung Lanang to Mbak. Lajeng kenging menapa mbak kok ruwatanipun dipunadani wonten Sumur Kencana?

Y : Mengapa disitu, karena kita yakini dan memang sudah sering, bahwa karomah air Sumur Kencana itu berkahipun, berkah kangge sesuci, mila

punginakaken kagem ruwatan/siraman, itu memang untuk reresik. Contohnya nggih, kalau orang yang mau ritual di Gunung Lanang, entah apa itu ritualnya, mereka pasti akan mandi atau sesuci dulu di Sumur Kencana, jadi memang karomahnya untuk pembersihan atau pensucian. Lajeng saking warga mriki, mesthi yen para nelayan kae nek arep melaut pasti kapalnya dikumbah nggo banyu sumur itu.

X :Ruwatan wonten ing Gunung Lanang menika kalebet ruwatan menapa nggih Mbak?

Y :Dadi ing Gunung Lanang itu sifatnya ruwatan umum dan temanipun berbeda-beda, dari tahun ke tahun pasti berbeda tergantung dhawuhnya. Kemarin itu temanya Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci.

X :Lajeng sarat kangge ndherek ruwatan menika menapa Mbak?

Y : Sarat untuk ikut ruwatan, mereka cuman disuruh untuk membawa kain jarik atau mori/kain putih untuk siraman, pokoknya cuman itu dan tidak dikenakan biaya apa-apa, jadi sifatnya gratis dan barlaku untuk umum siapa saja yang mau ikut.

X :Menawi siraman prosesipun kados pundi Mbak?

Y :Dadi pas siraman menika khusus sik tahun iki urutanipun pasarta sik arep melu diaturi lenggah di depan padasan dari yang Islam disuruh membaca 7x Al-Fatihah dan yang Nasrani 7x Bapa Kami, terus setelah selesai ngaturi satu-satu untuk mandi di Jembatan Nawang Sih dulu yang sebelah lor kae untuk 7x gebyur, terus gebyur ke 7 kotak itu masing-masing satu gayung, terus masuk ke Jembatan Nawang Wulan sik sisih kidul untuk 7x gebyur, terus

duduk lagi didepan padasan untuk baca Al-Fatihah/ Bapa Kami sekali, terus mandi padasan sampai habis, setelah itu baca Al-Fatihah/Bapa Kami lagi sekali dan mandi air kendhi sampai habis, terakhir baca Al-Fatihah/Bapa Kami sekali untuk motong rambut dan selesai, peserta disuruh ganti pakaian.

X :Sasampunipun siraman menika, lajeng prosesipun kados pundi Mbak?

Y :Setelah itu kan istirahat, kemudian itu sekitar jam setengah 12 itu dibawa naik ke atas dipimpin Bapak Waldji, peserta ruwatan dibawa naik ke Petilasan Gunung Lanang diajak muter di setiap trap-trapan yang berjumlah 7 tingkatan, kemudian ke bangunan sasana indra dan berdoa menurut keyakinan piyambak-piyambak.

X :Kula kinten cekap kangge wawancara menika, kathah lepatipun kula nyuwun pangapunten. Matur nuwun awit wekdalipun Mbak.

Y : Nggih mbak sami-sami.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 04

(CLW 04)

1. *Data Informan*

Nama : Mujirah

Yuswa : 65 taun

Alamat : Dhusun Bayeman, Temon, Kulon Progo

2. Dinten/Tanggal : Selasa Pon, 24 Desember 2019

3. Katrangan

X : Wike

Y : Mujirah

X : Sugeng siyang Bu

Y : Nggih sugeng siyang.

X : Kula Wike Windiyarti saking Pendidikan basa Jawi UNY, Pak. Kula badhe nyuwun pirsa Sura kala wingi menika menapa sesajinipun wonten ingkang kadamel saking mriki?

Y : Nggih wonten Mbak. Kalawingi wonten ingkang saking mriki.

X : Ingkang kadamel wonten ing mriki menapa kemawon Bu?

Y : Kala wingi menika ingkang saking mriki wonten tumpeng putih kaliyan tumpeng kuning ingkang kadamel kados kerucut nika, lajeng sekar-sekar, ndas kebo.

X : Lajeng tumpeng ingkang awujud kerucut menika bahanipun kados pundi Bu?

- Y :Menawi bahanipun nggih namung beras, lajeng mangke ingkang kangge sekul kuninge dipuntambah kunir, sarem, godhong salam kaliyan santen.
- X :Anggenipun damel menika kados pundi nggih Bu?
- Y :Anggenipun damel nggih namung kados menawi ngliwet nika, beras dipususi lajeng dipunliwet biasa, namung ingkang sekul kuning dipuntambah kunir, salam lan santen, sasampunipun mateng lajeng dipuncithak mawi cithakan kerucut nika.
- X :Lha lajeng menawi sekar kaliyan ndhas kebo menika Bu?
- Y :Menawi sekar nggih namung tumbas kemawon, wonten peken-peken lak kathah, ning yen ndas kebone menika pesen, nanging kula boten ngertos le pesen ten pundi, ning menika namung tumbas ndasipun mawon, boten mbeleh piyambak.
- X :Bu sesaji ruwatan menika wonten ingkung. Inkung menika anggenipun damel kados pundi Bu?
- Y :Lha menawi ingkung niku pitik jago nika wutuh sakjerothane terus ditali wujud kaya wong sujud nika, lajeng dibumboni brambang, bawang, kunir, tumber, miri, mrica, laos, gula, uyah, santen klapa, terus diungkep ngantos dangu nika kajenge empuk daginge.
- X : O nggih Bu. Cekap semanten wawancara saking kula. Matur Nuwun.
- Y :Nggih Mbak sami-sami. Mugi-mugi lancar pados ilmunipun.

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini, saya :

Nama : *Sulbasana*
Umur : *65 tahun*
Agama : *islom*
Pekerjaan : *pesani*
Alamat : *Bayeman, Temon Kulon Progo*

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah diwawancarai secara mendalam oleh saudari Wike Windiyarti untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten Ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo**".

Demikian surat pernyataan ini saya buat, harap menjadi periksa.

Kulon Progo, *23 Desember 2019*

Yang membuat pernyataan,



(*Sulbasana*)

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini, saya :


Nama : Muhdi
Umur : 64 tahun
Agama : Islam
Pekerjaan : Petani
Alamat : Bayeman, Temon, Kulon Progo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah diwawancarai secara mendalam oleh saudari Wike Windiyarti untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten Ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo**".

Demikian surat pernyataan ini saya buat, harap menjadi periksa.

Kulon Progo , 23 Desember 2019

Yang membuat pernyataan,



(Muhdi)

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini, saya :

Nama : Siti Winarsih
Umur : 40 tahun
Agama : islam
Pekerjaan : wiraswasta
Alamat : Palihan, Temon, Kulon Progo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah diwawancarai secara mendalam oleh saudari Wike Windiyarti untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul **"Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten Ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo"**.

Demikian surat pernyataan ini saya buat, harap menjadi periksa.

Kulon Progo, 24 Desember 2019

Yang membuat pernyataan,



(Siti Winarsih)

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini, saya :

Nama : Mujibah
 Umur : 60 tahun
 Agama : Islam
 Pekerjaan : Ibu Rumah Tangga
 Alamat : Bayeman, Temon Kulon Progo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah diwawancarai secara mendalam oleh saudari Wike Windiyarti untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul **"Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten Ing Gunung Lanang Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo"**.

Demikian surat pernyataan ini saya buat, harap menjadi periksa.

Kulon Progo, 24 Desember 2019

Yang membuat pernyataan,



(Mujibah)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat : Jalan Colombo Nomor 1 Yogyakarta 55281
Telepon (0274) 550843, (0274) 546719, Fax (0274) 548207
Laman: fbs.uny.ac.id E-mail: fbs@uny.ac.id, humas_fbs@uny.ac.id

Nomor : 1314/UN34.12/PP/Pen/2019
Lamp. : 1 Bendel Proposal
Hal : Izin Penelitian

12 Desember 2019

Yth. Mbah Muhdi
Alamat Dhusun Bayeman, Desa Palihan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.

Kami sampaikan dengan hormat, bahwa mahasiswa tersebut di bawah ini:

Nama : Wike Windiyarti
NIM : 16205241024
Program Studi : Pend. Bahasa Daerah (Jawa) - S1
Tujuan : Memohon izin mencari data untuk penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)
Judul Tugas Akhir : Tradhisi Ruwatan Agung Tumapaking Laku Suci Wonten ing Gunung Lanang
Dhusun Bayeman, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo.
Waktu Penelitian : ~~22-24~~ Desember 2019

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon dengan hormat Bapak/Ibu berkenan memberi izin dan bantuan seperlunya.

Demikian atas perhatian dan kerjasamanya kami sampaikan terima kasih.



Wakil Dekan Bidang Akademik,

Dr. Drs. Maman Suryaman, M.Pd.
NIP 19670204 199203 1 002

Tembusan :
1. Sub. Bagian Akademik, Kemahasiswaan, dan Alumni;
2. Mahasiswa yang bersangkutan.